Man Rukmana



Kumpulan Carita Pondok

Lampu Tempel

Lampu Tempel

(Kumpulan Carita Pondok)

Dipedalkeun ku Penerbit & Percetakan Kuncen Pustaka

Reka Cipta

Man Rukmana

Desain jilid:

Man Rukmana

Juru Titen

Kuncen Pustaka Editor

Citakan ka dua September 2024

Penerbit:

Kuncen Pustaka

Bumi Panyileukan Regency 254 Dayeuh Kolot Bandung

Kuncenpustaka254@gmail.com

Panganteur nu Nyerat

Puji sinareng syukur kasanggakeun kanu maha Agung, anu parantos maparinan kakiatan sareng kamampuhan kanggo sim kuring ngarengsekeun ieu buku.

Buku ieu mangrupikeun kumpulan carita pondok (carpon) nu diserat ku sim kuring dina waktos nu kalintang panjang. Ngahaja, seratan nu bacacaran, dikotektak, dikempelkeun, sareng dieuyeuban, dihijikeun, dibukukeun sangkan janten teu ical laratan. Atuh kalih ti kitu, maksad teh hoyong nambihan kana euyeubna wacana dina Basa Sunda. Boh sasieureun sabeunyeureun. Sok sanaos sim kuring sadar, wireh ieu seratan teh masih seueur pisan kakiranganana. Tebih keneh kana kecap sampurna.

Kitu ge mung ukur kahoyong, etang-etang nembongkeun, tawis mikacinta kana Basa Sunda nu tos rada arang langka diangge ku urang Sunda. Hususna ku nonoman ayeuna.

Atuh eusi sareng basa nu diangge dina ieu buku teh, mung ukur sakitu ayana, teu tebih tina kamampuhan sim kuring anu teu sapira. Basana nganggo basa sadidinten/lancaran, duka leres, duka henteu (miturut kana aturan basa nu sakedahna). Basa

nu sadidinten diangge ku sim kuring. Teu tiasa langkung ti kitu. Da romaos tuna tina pangabisa. Ukur kahoyong nu ngagedur dina dada, sangkan ieu seratan teh tiasa ngawujud janten buku (bacaan).

Neda tawakup tina katunaan sim kuring dina ngawasaan undak usuk basana. Atuh ka payun, mudah mudahan, sing janten langkung sae, sareng ningkat dina kamampuan serat sineratna.

Bobot sapanon carang sapakan, sim kuring nuhunkeun dihapunten anu saageung-ageungna.

Hatur nuhun.

Sukahaji, Juni 2024

Nu Nyerat

DAFTAR EUSI

Panganteur Nu Nyerat i
Daftar Eusi iii

1. Lampu Tempel 1
2. Di Handapeun Cukang Awi 15
3. Nulis 23
4. Simposium 32
5. Kuring Budak Kuleuheu 46
6. Tebing Breksi..... 58
7. Lambak Basisir Parang Tritis 73
8. Urang Cimanggung 85
9. Kawah Putih 93

Lampu Tempel

Moal bisa dipopohokeun ,najan kajadianana geus kaitung lila pisan. Tilu puluh hiji taun kaliwat. Ari nu jadi sabab moal bisa dipopohokeun, alatan ieu kajadian nu ngabalukarkeun nasib budak kuring nu cikal ayeuna, siga kieu.

Mangsa harita, ka ngaranan di pilemburan, tahun sarebu salapan ratus salapan puluh hiji, can aya nu kasebut listrik di lembur kuring ayeuna. Atuh pikeun nyaangan dina mangsa peuting teh cukup ukur ku lampu tempel. Hayang leuwih caang, make lampu patromak, kitu ge ukur di sababaraha imah nu ka itung 'jalma beunta'. Lolobana mah cukup ku lampu tempel atawa cempor. Boh make delepak.

Harita, kuring can lila ngambah, ngawangun rumah tangga. Malah cicing ge masih keneh saimah jeung nu jadi mitoha. Saguruwek nempatan sakamer. Di hareup.

Sataun, kurang leuwihna, budak nu cikal teh lahir. Kuring masih cicing bareng jeung mitoha keneh. Lain teu hayang misah. Bubuhan harita kuring can boga tanaga. Can boga pacabakan nu tangtu.Mun teu disebut ngaligeuh oge. Lain ari pangangguran mah. Da puguh ari digawe mah eukeur disinghareupan eta oge. Ngan kitu tea, ka ngaranan ukur tanaga honorer. Jaman harita. Pimanaeun kana cukup pikeun ngabayuan rumah tangga.

Teu bisa walakaya. Lintang ti tumarima kana kaayaan. Usaha mah kurang kumaha. Satutas ngajar, dina mangsa aya waktu, sok pirajeunan migawe nu kadada kaduga mah. Boga eta oge pangabisa kana huda-hade alat elektronik. Nya dicabak. Memener radio ruksak, televisi ruksak nu tatangga mah sok pirajeunan dipigawe. Lumayan keur nambah panutup pangabutuh. Najan teu cumpon. Pantes kituna mah. Apanan cicing teh ukur di lembur nu can aya sarana listrikna. Atuh alat-alat elektronik di lembur teh arang langka.

Sakalieun aya *pasen* oge, teu bisa kuring matok harga nu tangtu. Ukur sapantes jeung saihlasna nu boga barang. Tara ieuh dibisniskeun, ceuk istilah ayeuna mah. Najan enya ngahadean radio, boh televisi teh sok tara beres

sapoe. Komo lamun kudu neangan heula alat, suku cadangna. Singketna mah, “pangabisa” teh can bisa diandelkeun pikeun jadi pakasaban. Can bisa diseupan. Boh pangabisa tina hasil sakola, jadi guru honorer, atawa pangabisa nu dipimilik tina didikan, warisan ti nu jadi bapa, kana huda-hade alat elektronik tea. Duanana oge can bisa dijadikeun andelan pikeun ngabayuan rumah tangga.

Tina hal eta pisan, atuh kuring teh kudu bisa nitipkeun diri kana pangasihna nu jadi kolot ayeuna. Mitoha, nu kurang kumaha bageurna.

Di lembur teh, aya eta oge pikeun nyaangan imah mah make listrik nu ditanagaan tina diesel. Teu sakabeh rumah tangga bisa make panyaang listrik eta. Ukur sababaraha imah. Lian ti kapasitas daya, kamampuhan mesinna nu ka bates, oge sabagian warga teh teu pati mampu mayar pikeun iuran meuli solarna. Da kangaranan mesin listrik diesel teh, apan kudu diimuman unggal peuting ku solar.

Caangna lampu,dimasing-masing imah ge ukur diwatesan teu meunang leuwih ti 20 watt. Hurungna oge ukur dijadwal nepi ka tabuh sabelas peuting. Leuwih ti

dinya mah, mun hayang caang di imah teh disambung make lampu minyak tanah. Boh make delepak, cempor atawa lampu tempel.

Teu kudu caang ngebrak. Da memang lampu tempel di kamer teh ukur cukup remeng-remeng ge. Asal ulah poek repet teuing, dina mangsa boga pangabutuh nyasaran naon hanteu. Komo keur ukuran kuring, nu boga budak orok.

Di kamer kuring sakulawarga. Nyaangan dina mangsa ka isuknakeun teh, sok make lampu tempel nu rupana kawilang hade. Antik. Pamere babaturan, nu mangsa kuliah keneh di Bandung bareng saindekosan. Tina kado keur mangsa kuring dirapalan harita. Ngahaja sigana mah, manehna neangan barang antik, sangkan jadi panginget pikeun diri kuring. Bubuhan urang jawa inyana teh. Kawentar daerah tempat wisata. Sok loba karajinan nu alus, matak pikabitaeun.

Atuh pikeun diri kuring, enyaan, pamerena teh dimangpaatkeun. Bubuhan ku butuh ongkoh.

Lampu tempel teh camperenik ieu mah, teu kawas lampu tempel biasa nu sok dijual di pasar. Ukuranna, rada

ser sauetik tina lampu tempel biasa. Rada leutik. Bahanna mah saperti biasa, umumna lampu tempel. Dijieun tina beling. Kaca. Ngan rupana teu herang siga lampu tempel nu biasa. Tapi semu hejo. Pulas beureum ngora. Ngutrat siga katumbiri. Atuh semprongna, mun nu biasa dijieun tina sesa kaca urut bahan lampu TL, neon, polos caang, herang, aya melembung buleud, palebah sumbu seuneuna. Tuluy buled panjang dina bagian luhurna antara dua puluh sentian. Nu ieu mah teu kitu. Beda. Bentuk ti handapna mah sarua. Ngan,sanggeus tilu atawa opat senti ti bagian handap, tempat ngaranggeum nu ngahiji kana lampu tea. Semprong lampu teh melembung , palebah sisi gigir sumbu lampuna, lain buleud, tapi rada monyong ka luhur. Bagian luhureunna teu manjang. Ukur tujuh sentian. Pas pamuncak luhurna dirupakeun kembang nu keur mekar.Lain herang,deui, tapi siga nu dicelep ku cet tembus cahaya, hejo saulas campur beureum. Nyurupkeun jeung bagian handap lampuna. Antik pokona mah. Lucu.

Ngan hanjakal, sanggeus sababaraha bulan lampu teh di pake unggal peuting, teu kuhanteu, dina mangsa keur ngeusian minyak, nu biasa dipigawe unggal sore, bet teu kuhanteu, ti jedug kana sisi meja. Antukna songhek

lebah bujurna. Bagian handap. Untung teu peupeus ge. Asa lebar. Najan bocor dina tempat minyakna, masih bisa digunakeun. Diakalan . Ditambal make sabun colek.

Sakali mangsa, alatan hayang rada caang, sumbu lampu teh diangsrodkeun ka luhur, sangkan seuneuna ngagedean. Geus kitu mah, ker deui sare, da memang waktu teh geus peuting. Ngala ka tabuh satengah dua belas mah. Parat nepi ka subuh. Teu lilir deui. Tiluan. Kuring, pamajikan, jeung si utun, nu karek umur tilu bulanan.

Lilir-lilir, sanggeus sora adan, di musola, ngahaleuang. Gigisik, kana panon. Asa baruruten. Atuh liang irung, asa mepeg. Rada eungap. Teu loba panyangka. Jung nangtung. Ka cai rek ngalakonan salat subuh, sanggeus ngaguyahkeun pamajikan. Budak mah si utun, masih ngageubra, sare. Tara-tara ning ti sasari.

Sanggeus carangcang tihang, hordeng jandela teh, paniatan, rek dibuka. Asa aya nu aneh. Naha geuning kain hordeng teh bet harideung. Siga nu kotor. Ret kana tembok. Ret ka lalangit, nu dijieun tina bilik awi. Sarua harideung. Pinuh ku silalatu. Teg bae aya panyangka goreng. Melong kana lampu tempel nu ngadaplok dina

tembok. Geus pareum. Nu biasana mah unggal subuh teh kudu dipareuman. Harita mah geus pareum ku maneh. Lisah minyak tanahna geus saat. Semprong lampuna hideung, ngadagleg. Pinuh ku harenghasu. Silalatu. Boa-boa.... ceuk gerentes teh. Untung teu kahuruan.

Ti saprak harita, si utun teh mindeng rewel. Mindeng ceurik siga nu kanyenyerian. Malah kadang kala siga nu les-lesan, rek kapiuhan. Weleh teu kaharti.

Nyoba tatanya ka jalma nu 'bisa'. Teu ku nanaon cenah. Kitu deui ka bidan, boh ka dokter, sarua ukur dibere resep obat.

Sakali mangsa, ka dokter kahot, meunang beja. Cenah budak teh stips. Nu jadi marga lantaranna cenah aya kokotor nu tinggaleun dina paru-paruna. Eta nu ngabalukarkeun budak teh mindeng rewel jeung sok ceurik nepi ka les-lesan. Nandang ka nyeri. Ngan teu bisa ngedalkeun. Ngaranna oge budak leutik. Orok. Ukur bisa ceurik. Teu bisa cacarita, naon nu keur dirasa.

Eta kokotor nu ngadagleg dina saluran napas. Paru-paru, geus naek kana saluran uteuk. Nimbulkeun

radang kana uteukna. Hal eta nu ngabalukarkeun si budak sok mindeng ceurik les-lesan. Nahan kanyeri.

Ray poe ka poe, budak teh taya parubahan. Angger sok mindeng ceurik nepi ka rek katurelengan. Bari lelenggakkan. Paur. Sieun ti cengklak.

Uubar mah uubar. Ber kaditu, ber kadieu. Sakumaha aya nu ngabejaan. Tapi hasilna tetep nihil.

Umur budak beuki nambahan. Geus diajar malapay leumpang. Tapi naha dina nyarita, teu pati ceta. Can bentes. Ari ceurik les-lesanna mah geus rada ngurangan. Arang langka.Ngan keukeuh hate mah sok seseblakkan. Sieun budak kumaha onam.

Tilu taun budak teh can bisa cumarita bener. Uubar geus ka ditu ka dieu. Malah kungsi dijugjug ka luar kota oge. Ka Cirebon ka dokter spesialis. Hayang nyaho. Naon pangna budak can bentes cumaritana. Malah siga nu can pati hideng, persis budak saumuranna.

Lian ti can bentes cumarita, budak teh siga nu teu pati malire kana kaayaan sakurilingeunana. Kalah ka sok anteng sorangan. Siga nu *autis* ceuk basa kasehatan mah.

Paur lalampahanana sakapeung mah sok picilakaeun, keur dirina sorangan. Siga nu taya kasieun. Tapi mun geus resep kana hiji perkara, inyana tara sok gancang poho. Nerap dina uteuk pamikiranna. Hese lesot. Hese mopohokeun.

Sakali mangsa mah kungsi ku kapilanceukna. Anak Uwa. Dipapagahan cara ngarekam sora dina tape recorder make radio. Atuh, meh ampir kabeh kaset lalaguan, boh kaset pangajaran nu disimpen teh, taya nu walagri. Kabeh rusak eusina, ku hasil ngarekam sora tina radio tea. Teu pararuguh. Ukur ngarenghap narik napas panjang. Teu bisa kukumaha. Najan sababaraha kali di caram, jeung dipapagahan, sangkan ulah ngarekam dina kaset nu hade. Ih... da angger ,teu bisa digeuingkeun.

Meunang beja ti dokter ahli. Cenah, mungkin budak teh keur mangsa orokna aya kokotor dina paru-paruna nu teu kaberesihan mangsa dilahirkeun. Nu ngabalukarkeun panyakit dina dirina. Kungsi ngajadi panyakit. Nimbulkeun radang uteuk, cenah. Atuh pantes mun ayeuna, eta budak teh rada kaganggu dina perkembanganana. Kaganggu ka cerdasanana, alatan heubeul nandangan radang uteuk.

Siga nu nyalahkeun ka bidan anu mangsa harita ngabaturan jeung ngurus babaran. Tapi... ari pikeun diri kuring mah, teg bae sangkaan teh, alatan tina haseup kekebul, harenghasu. Silalatu, nu ka seuseup mangsa harina. Tina kekebul lampu tempel, nu meh kahuruan waktu harita. Boa enya.

Teu aya nu bisa dipigawe iwal ti masrahkeun takdir. Kanu Kawasa. Kanu nyiptakeun. Ka Agunganana. Kudu narimakeun kana takdir. Bari teu kendat usaha.

Cobaan ku terapi rutin, cenah, saran dokter teh. Satekah polah. Pituduh teh dilaksanakeun. Najan pangaboga ukur sakitu ayana. Pikeun budak mah merelukeun. Kajeun ngadua-duakeun bubutuh keur uubar budak batan keur nyumponan hirup sapopoe teh.

Ngarasa cape. Ahirna mah pasrah sumerah. Kudu narimakeun kana takdir. Titis tulis bagja diri. Miboga budak titipan tinu Kawasa kalayan dina kaayaan siga kitu. Baeu ditarimakeun kalayan sumerah kanu Ngadamelna. Kuring darma ngalakonan. Kuring darma katitipan. Mangga nyanggakeun sadaya-daya.

Ti harita mah, kuring sadar kana nasib. Teu kudu ngarasula. Teu kudu nyasalah sasaha. Tiap-tiap jalma geus boga jalanna masing-masing. Meureun pangna kitu ge kuring dianggap mampu, pikeun ngarandapanana. Kuring bakal siap nanggung resiko sagala-galana. Pangna kitu ge meureun kuring teh di anggap sanggup. Heg teh teuing. Kuring percaya. Meureun dina sagigireun kaayaan ayeuna Nu Maha Agung, geus nyieun rarancang nu ku kuring teu dipikanyaho. Sadaya-daya. Kuring sumerah. Innalloha ala kulli saein kodir.Tingtrim, tingtrim, ieu hate kana sagala rupi takdir. Najan hal manusiawi sakapeung mucunghul. Ngajugala. Rongkah teu narima. Asa diteungteuinganan ku nu Maha Kawasa.

Ayeuna sanggeus tilu puluh hiji taun. Sanggeus kuring jeung pamajikan nembrak pasrah sumerah kana katangtuan nu geus digariskeun tinu Kawasa. Sanggeus ngalakonan sabar, mereketkeun diri narima takdir. Sanggeus sakitu lilana nyanggeum rasa was-was nu sok timbul dina diri. Mikamelang, inggis budak nu geus jadi bujang, nyieun laku lampah nu ku tatangga teu kapanujuan. Inggis budak nyieun gawe nu matak teu pikaresepeun jalma lian. Inggis batur mah teu bisa

ngamaphum kana kaayaan budak kuring. Unggal poe unggal peuting sok jadi pamikiran. Kembang kamelang. Inggis ku kajadian nu teu dipiharep tumiba jadi mamala pikeun kuring sakulawarga, inggis ku bisi, rempan ku sugan. Sieun teh sieun kunu can tangtu kajadian... Meh ampir tilu puluh hiji taun, nyidem rasa, nganteur kamelang dina diri nu teu kendat ilang... Ukur bisa pasrah sumerah, ngadunga kanu Gaduhna. Robbii...Awji'ni, an asykuro. ni'matakallatii an'amta alayya....

.....

Siga nu meunang kabungah liwat saking, manehna akey-akeyan seuri. Reumbay cimata. Bakat ku bungah. Leungeunna sakapeung nepakkan kana panyarande korsi nu aya di hareupeun tempat diukna. Sakapeung melong. Manco ka panggung siga nu keur museurkeun perhatianana. Ngaregepkeun naon nu keur jadi paguneman bodor di luhur panggung. Dinu hajatan.

Nu ngabodor teh duanana lalaki, ngan edas eta nu saurangna niron-niron jadi awewe. Make papakena siga awewe. Di rok jiga awewe. Dibedak jiga awewe, di lipstik

jeung di sedow, niru-niru awewe, bari jeung dibedak teh nanglek ku kandel. Bodas nyepak siga... kelong (a)wewe...

Nu jadi pikaseurieun mah lian ti dangdanana nu teu matut. Siga kelong wewe. Aeh banci bolongkotan. Eta ku parigelna nyieun peta nu pikaseurieun. Pikeun budak leutik.

Nepi ka rek lohor, si cikal teh teu daek incah. Campego dina korsih tamu. Di nu mangku hajat. Lalajo bodor pikaseurieun. Balik-balik sotenan, sanggeus acara dieureunan alatan geus manjing kana waktuna lohor.

Nepi ka imah, hariweusweus cumarita. Ngadongengkeun, jeung niron-niron lalampahan eta bodor, nu tadi dilalajoan ku manehna. Prung deui, prung deui dina sapoe harita mah. Ngadongengkeun. Siga nu taya kacape. Siga nu kataji pisan ku tingkah polah ki bodor teh.

Dua minggu ti harita.....

"Oh muhun antosan sakedap" Ceuk kuring teh, mireungeuh tina jandela katingali nu pupuntenan, bari ngetrokkan panto. Kaos nu ngagantung dina kapstok

gancang dirawel. Rap dipake nutupan awak nu tadi ukur make kaos singlet. Hareudang. Karek ucul-ucul balik ti pagawean. Reket panto dibuka. Horeng aya ibu-ibu nu geus nangtung hareupeun panto. Paromanna semu haseum. Ngemu kakeuheul.

" Mangga kalebet. Linggih." Cekeng teh bari mukakeun panto.

"Muhun". Tembalna singket. Bari tetep paromanna kurawed haseum.

Sanggeus manehna gek diuk. Derekdek nyaritakeun pamaksudanana.

Pajarkeun teh, budak kuring, si Cikal, asup ka imahna nu keur kosong. Taya sasaha. Teu di konci, da ukur ditinggalkeun natangga. Cenah budak kuring, si Cikal, katohyan asup ka kamer anakna nu parawan. Mukaan lomari. Make pakean rok budakna. Niru-niru …. banci nu kungsi manggung di lembur sababaraha waktu kaliwat. Kuring ukur olohok. Asa aya nu meupeuh kana mamaras. Lir dibentar gelap dina tengah poe nu ereng-erengan.

Di handapeun Cukang Awi

Biasana mah memeh wanci magrib eta runtah nu ngagunduk dina wadahna di dapur, geus kosong dipiceun. Ngarah teu diacak beurit. Tapi sore ieu, alatan hujan ngecrek bae ti isuk keneh, atuh rada hoream rek miceun runtah teh. Satutas salat Magrib, kakara runtah dipiceun.

Burulu, runtah dibahekeun tina wadahna. Ti luhur cukang awi peupeuntasan ka kebon sawo beulah landeuh.

“Jadol…! Goblog…! Panas ieu mata aing !” Ceuk sora ngagorowok ti handapeun cukang, sisi walungan.

Rada reuwas. Nu tadina rek ngaleos, reg lengkah teh ngarandeg. Malik deui ngilik-ngilik ka handap walungan. Remeng-remeng, aya nu katingali ngajungkiring, di handap walungan, gigireun gundukan runtah, nu ngahunyud.

“Aduh, aduh.. peurih!” Ceuk sora ti handap walungan teh. Diilik-ilik, disidik-sidik. Breh hiji mahluk, buukna ngaririwig, kuku leungeunna paranjang. Huntuna ranggeteng. Ngan panonna kohok, sabeulah. Katingali

panon nu sabeulahna keur di keupeul dina leungeun kencana, bari dibanjuran ku cai walungan. Dikumbah. Lamokot ku sambel nu tadi ku kuring dipiceun ngahiji jeung runtah.

"Teungteuingeun maneh, ka kami. Miceun runtah teu ulak-ilik heula. Na teu kadeuleu sia, uing keur neangan kadaharan di dieu!" Ceuk manehna nyereng ka kuring, bari kituna teh, panon nu sabeulah tadi dikumbah ku manehna diasupkeun deui kana tempatna. Bolotot buleud.

"Euh… hampura!" Ceuk kuring. "Sugan teh taya sasaha di lebah dinya. Singhoreng teh aya anjeun. Barina ge keur naon di dinya, wanci kieu? Leuwih ti sareupna."

"Hi… pan tadi ge ceuk uing, keur neangan dahareun uing teh. Hayang nyatu, deuleu !" Ceuk manehna beuki sugal.

Sajongjonan kuring ukur olohok. Ningalikeun polahna nu teu cicing, bari kutuk gendeng. Sakapeung sorana narikan. Sesentak. Sakapeung cicirihilan seuri. Matak kukurayeun bulu punduk.

“Heh, kunaon anjeun cicing bae?” Ceuk manehna meupeuskeun ka simpe. Nu tadi jempling.

Memang, sajongjonan kuring hookeun. Ningalikeun laku polahna nu ti tatadi teu cicing. Sanggeus nyimpen matana nu sabeulah tadi dikumbah, kana tempatna, leungeunan gagaro kana buukna nu ngaririwig, nyaliksik, cetrok-cetrok kutuna dicetrok ku manehna. Siga nu ni’mat.

Hawa peuting nyelesep kana jero kulit. Nyecep tiis kana tulang sandi. Lamat – lamat ti kajauhan anjing babaung siga nu kanyenyerian.

“Hmm… Naon kitu ?” tembal teh sa engabna bae.

Cikikik manehna seuri siga nu manggih ka bungah. Duka nyeungseurikeun diri kuring.

“Ru. Oge nyaan didinya teu hayang miluan nyalon Kapala Sakola teh ?” Ceuk manehna miheulaan nanya. Siga nu nyaho kana kajadian nu tumiba ka diri kuring.

“Maksudna?” Ceuk kuring nembal ka manehna. Semu reuwas. Bet nyahoeun kana kajadian nu kungsi karandapan anyar-anyar ieu.

"Alah…. Tong sok api-api. Kuring ge nyaho mun tadi beurang anjeun di sakola ditawaran ku kapala sakola anjeun, sangkan miluan nyalon. Kuring apal mun anjeun nolak. Tapi kuring ge apal mun dina hate leutik anjeun teh sabenerna mah kungsi boga kahayang jadi kapala." Ceuk manehna nyoroscos nyarita. Siga kacang ninggang kajang.

"Lah nya kitu tea bae, Lur. Sabenerna mah hoream kuring ningali pajamanan ayeuna siga kieu. Lieur, ngigelannana." Kuring humandeuar. " Rumasa kungsi kabita. Bareto mah. Ningali batur, malah loba nu sahandapeun geus jaradi kapala teh. Rumasa, eta mun seug panggih jeung babaturan nu kungsi saangkatan sok tumanya : geus jadi kapala acan ? cenah. Rumasa kuring sok tara pe-de ngajawab ACAN teh. Enya, sok aya rasa kabongroy jadi kapala. Tapi… da puguh kamampuh ukur sakieu. Rek timana modal pikeun nyahontal eta jabatan.

Aya eta oge ceuk batur. Neangan bae atuh itung-itung nanam modal. Apan ngala duit, pancing, eupanan ku duit deui. Ke oge geus jeneng mah urang babari ngaluka - liku anggaran nu aya. Manehna mapagahan kuring.

Rada ngahuleng. Tapi… da keukeuh hate, teu mereeun.

“Arek ? Nurutan batur? Teu hese, Ru ! Modalna ukur nekad jeung kadaek. “Ceuk manehna siga nu ngagagampang. “Mun arek kuring ge sanggup mantuan anjeun, asal…..” Reg manehna eureun nyarita. Cikikik seuri. Leungeunna ngopepang kana sirahna. Nyaliksik. Cetrok-cetrok, kutu nu beunang tina buukna ku manehna dicetrokkan siga nu ni’mat pisan. “Asal…. Daek, teu ?” Ceuk manehna bari neuteup tanggah ka kuring ti handap, sisi hawangan. Ngahaja nangtang kapasaran diri kuring. Cikikik deui seuri. Teu neruskeun naon nu arek di omongkeun ka kuring. Ngahaja. Ngarah kuring panasaran.

“Asal naon?” Ceuk kuring sanggeus sajongjonan manehna weleh teu mere beja naon sarat sabenerna nu dipikahayang ku manehna.

Lain buru nembal. Kalah cikikik deui bae seuri, Siga nu ni’mat. Tapi da ari keur kuring mah matak kukurayeun.

“Sok buru bejakeun, asal naon atuh ?” Ceuk kuring .

"Sabar,Ru!" Ieu panon ateul. Ceuk manehna bari tuluy ngagisik panonna. "Haduh. Panas.Peurih." Dicoplok deui bae eta siki panon teh. Dikumbah. Diseblokkan cai hawangan. Sangeus ngarasa beresih. Lep, diasupkeun deui kana kongkolak matana. " Gara-gara maneh ieu teh, Ru. Miceun sambel sambarangan."

Heueuh, hampura. Teu nyaho aya silaing di dinya. Ceuk kuring nembal ka manehna. Sok geura jawab lah. Asal naon ?

"Hihihi…. Panasaran keneh anjeun teh,Ru ?"

"Heueuh."

"Asal … anjeun daek … jadi batur kuring. Sanggup ?" Manehna nanya, bari neuteup anteb ka diri kuring. Matana nu bolotot, melong, menta jawaban nu pasti ti diri kuring.

Anjing babaung ti kajauhan, meupeuskeun simpena peuting. Angin lamping Ciremai, nyelesep,nyusup kana jero kulit. Tiis nyecep. Mawa rancung bulu punduk. Kukurayeun.

Manuk bueuk, ngabangingik ceurik, dina dapuran awi nu ngarunggunuk sisi hawangan beulah landeuh. Korosakna sora dahan kalapa nu ragrag ngagareuwahkeun diri kuring nu heneng ngajeten kabawa kabur ku pananya hiji mahluk nu pikagilaeun di handapeun cukang awi luhureun peupeuntasan.

Pananya manehna, nu mawa sukma kuring ngabelesat ka jomantara, ngambah ka mana-mana. Kabawa ku hate nu rus-ras teu puguh. Campuh perang batin jeung uteuk nu keukeuh panceg dina pamadegan : Tong sok kabawa ku sakaba-kaba.

Tapi… ari hate mah milu biluk, nitah milu kana pangajak mahluk haram jadol nu di hawangan. Jurig jarian tea.

Angin peuting tetep ngusapan, sumelesep kana sajero kulit. Tiis. Cambewek. Tetep matak kukurayeun bulu punduk. Hawar hawar sora anjing nu babaung ti kajauhan, siga tetep nu keur kanyenyerian. Bueuk beuki sumegruk nu tadi dina dapuran awi ayeuna geus pindah kana pangpung dahan sawo landeuheun peupeuntasan beulah kidul. Bulan nu sapasi sumorot narawang ka alam

dunya. Ukur mere cahya remeng-remeng. Teu pati atra nyaangan diri kuring jeung manehna. Jurig jarian di handapeun cukang awi. Peupeuntasan ka kebon sawo beulah landeuh.

Cikikik – cikikik manehna seuri deui siga nimu kabungah. Teu pati lila segruk ceurik siga nu kanyenyerian.

Ukur olohok. Kuring nyerangkeun polah manehna. Teu lemek. Teu nyarek.

“Ketang,Ru. Anjen mah geus bener nyokot kaputusan teh. Geus lah tong sok kairid ku cikiih. Alus, kudu kitu sing boga pamadegan sorangan “ Ceuk manehna meupeuskeun simpena peuting.

Geus karawu kapangku ku kuring. Segruk manehna nuluykeun ceurik. Beuki siga nu kanyeyerian.

“Naha kunaon kitu ?” Kuring nanya awahing ku panasaran.

Taya jawaban. Sajongjongan manehna ukur ngaheruk. Leungeunna nu pinuh ku bulu. Kukuna nu paranjang. Dipake nyusut panonna nu reumbay ku cimata.

Tuluy narik napas panjang. Siga nu keur ngumpulkeun pangacian.

Eta kajadian, lumangsung aya opat taun kaliwat mah. Tapi… naha ayeuna bet siga nu ngalelewa. Geus jonghok deui bae jeung manehna. Angger di hawangan nu eta. Angger di cukang awi lebah dinya. Peupeuntasan ka kebon sawo beulah landeuh. Angger sa bada magrib. Angger keur miceun runtah. Nu teu kaburu dipiceun tadi sore, alatan hujan ngaririncik ti wanci lohor keneh. Manehna lak-kak dasar nyarekan kuring. Alatan panonna kaseblok ku sambel nu ka piceun bareng dina wadah runtah.

Lamping Ciremai, 11 Maret 2022

Nulis

Geus ampir satengah jam candukul hareupeun komputer teh, tapi layar monitor can aya tulisan nanaon. Sakapeung ngabaris hurup, kalimah dina baris pangluhurna. Judul tulisan. Sanggeus sajongjonan diilikan, diteuteup. Asa teu merenah. Deredet dipupus ku backspace. Leng deui ngahuleng. Neuteup deui kana monitor. Sakapeung melong kana hurup-hurup nu ngabaris dina keyboard. Leungeun katuhu nyenyekel mouse. Ukur diuget-uget. Kitu lampah teh teuing geus sababaraha kali.

Cikopi nu sagelas di gigireun monitor tinggal satengah. Jam dina pojok monitor ngutrat angka 01:33. Euhm. Geus peuting geuning. Gerentes teh. Can meunang nanaon. Hese, geuning ideu teh. Padahal asana teh ieu nyocok, pajejel-jejel dina uteuk, tapi diketrukkeun weleh teu bisa kaluar. Mangpet.

Garo-garo teu ateul. Leng deui ngahuleng. Pikiran nyaliksik ka mana-mendi. Inget mangsa katukang. Keur jaman kuliah keneh. Keur mangsa lalagasan keneh. Keur jadi mahasiswa keneh. Diajar nulis. Kungsi sababaraha

tulisan nu dikirimkeun ka redaksi, dimuat. Tiharita rada daria neuleuman kana tulas-tulis teh.

Harita, boga modal ukur mesin ketik nu dibekel ti lembur. Da mangsa harita mah can aya nu ngaranna komputer. Arang langka nu miboga. Barang mahal. Eta oge mesin ketik teh sasat di pangnyicilkeun ku kolot. Bekel pikeun ngagawean tugas-tugas ti kampus.

Mesin ketik *Brother* nu geus ngabaturan, nganteurkeun diri kuring bisa lulus tina bangku kuliah. Mesin ketik nu kungsi mere jalan ka diri kuring icikkibung dina tulas-tulis. Mesin ketik nu kungsi mere jajan dina mangsa kiriman bekel wesel ti lembur telat datangna.

Ayeuna mangsa geus usum komputer. Geus rumah tangga jeung manehna. Geus miboga anak dua. Maksakeun meuli komputer. Beunang nyicil eta oge, paniatanna sarua : ngarah tulas-tulis teh leuwih babari. Leuwih gampang tur simpel. Tapi… da ari seuhseuhanana mah loba dianggurkeun , teu kacabak.

Sakali dua kali pirajeunan diajar deui nulis, dikirimkeun ka redaksi. Susuganan bisa keur mantuan meuli susu kaleng mah. Tapi pleng kulaleng tara aya

jawaban. Ehm… teu kapake geuning tulisan teh. Ti harita rada kendor kana tulas-tulis. Ongkohan ripuh ku pagawean sejen. Sok tara boga waktu deui pikeun tulas-tulis mah. Mindeng kaburu cape, alatan gawe nu sejen. Pikeun nutupan resiko, sangkan dapur tetep ngebul.

Rada humandeuar mireungeuh sababaraha kalawarta tutup. Alatan harga kertas jeung beya produksi nu nerekel naek. Katambah ku ting pucunghulna media sosial *on line*. Atuh nambah seuseutna media citak rek ngalengkah.

Geus teu kungsi deui manggihan kana *Giwangkara, Kudjang* jeung majalah *Mangle* teh. Ehm… Sugan geus teu maridang kitu? Kalah ngumbar lamunan!

Sora cakcak ngagareuwahkeun lamunan. Ret melong ka jam nu naplok dina tembok, geus jam dua geuning.

Asa aya nu nongtoreng kana ceuli. Lamun anjeun arek nulis, prak, prung gawean bae heula. Tong sok loba dipikir naon anu rek di tuliskeun. Atawa ngeunaan naonna, boh hade boh gorengna. Pokona mah prung bae geura tuliskeun. Ke gampang diilo deui sanggeus jalan. Ngarah

teu ngahuleng bae. Teu meunang nanaon. Kitu ceuk salah saurang pangarang beken, mekelan sumanget kanu arek diajar nulis.

Asa ka sumangetan deui. Tapi… da hese geuning, hese liwat saking, ieu ngetrukkeun nu pajejel-jejel dina uteuk teh. Kalah silih sedek, hayang bijil paheula-heula. Antukna magol dina lawang. Tetep teu bisa ka luar. Ukur gagaro teu ateul. Dua leungeun diantelkeun kana sirah. Ramo-ramo jempol di antelkeun kana kenca katuhu pipi. Mencetan pipir tarang nu mimiti karasa lieur. Leng deui ngahuleng.

Sora tihang telepon di sisi jalan disada 3 kali. Ronda mere tanggara, geus tabuh tilu. Ulah kajongjonan teuing sare bisi aya bancang pakewuh. Regot kana cikopi nu tinggal gegedohna. Terektek nyocolan kana hurup dina keyboard. Burudul, runtuyan hurup teh barijil pauntuy-untuy dina layar monitor, Hiji, dua, tilu, paragrap. Ngareka carita. Reg eureun sajongjonan. Panon melong kana monitor, Diilo. Diilikan. Di lenyepan. Leng ngahuleng deui bae. Sababaraha kecap dibebenah. Sababaraha hurup dibenerkeun. Sanggeus ngarasa merenah, melong deui kana keyboard, rek neruskeun tulisan. Tapi.. bet magol

deui. Bingung, keder ti lebah mana ngamimitian neruskeunana.

Paingan ceuk para inohong, umumna urang Indonesia mah budayana teh *budaya tutur*. Alias ngawangkong. Mun seug di sina ngobrol, ngawangkong, sok tara ieuh beakeun picaritaeun. Aya bae piomongeunana. Rek meakeun waktu nu sabaraha lilana bae oge. Beda carita lamun dibere kertas jeung pulpen. Sina nuliskeun. Ngutratkeun. Ngajentrekeun naon nu rek dicaritakeun. Boro raah meunang sababaraha lambar. Nuliskeun judulna oge can tangtu bisa.

Da puguh cenah ari tingkatan basa nu pang luhurna teh nya eta NULIS. Cenah, mangsa manusa make basa teh dimimitian ku *ngareungeu*, atawa basa gindingna mah "*Listening*" tea, tuluy diajar niru ngucapkeun atawa *speaking*. Karek di sakola diajar maca, *reading*. Tah nu panungtungna nya NULIS tea. Paingan atuh paingan, teu sakabeh jalma bisa "nulis". Da geuning nulis mah ngarupakeun tingkatan *aplikasi berbahasa* nu pang luhurna. Sok sanajan loba jalma nu nyarakola, tapi teu sarerea bisa nulis. Kaasup wartawan abal – abal nu nyiliwuri meureun. Can tangtu bisa nulis dina

kalawartana. Tapi … naha atuh sok aya kabejakeun loba pimpinan lembaga nu sieun ku wartawan abal-abal. Naha nya ?

Har … geuning, ngalantur teh bet kamana mendi, make nyabit nyabit wartawan sagala rupa. Heueuh da bonganna atuh wartawan teh salah saurang nu pagawean sapopoena kurulang kuriling neangan bahan pikeun nulis. Neangan sahuap sakopeunna tina buburuh nulis. Teu aya nu salah eta oge. Mun seug nu dituliskeunna, eta mangrupa pakta. Kanyataan. Meneran nulis teh mangrupa beja nu can puguh juntrungna, pan eta bisa asup kana *hoax* tea. Atuh kadituna mungkin bae nincak kana pitenah. Tah palebah dinya meureun pakta teh kudu digali ku cara neang *informasi* nu soheh. Ulah ukur beja bari jeung tanpa *konfirmasi* kanu bogana eta lalakon.

Jeung naha deui atuh nya, nu ditulis teh bet kagorengan batur. Naha teu aya deui berita anu mawa tiis ceuli herang mata. Tulisan nu hade. Sok sanajan beritana teh bener, mangrupa pakta, tapi pan mun rek 'diangkat' mah kudu *konfirmasi* heula kanu jadi sumber beritana, lain ? Ngarah teu jadi masalah. Apanan sagalana kudu mibanda ijin tinu rek jadi berita tea. Najan pakta oge, ari nu jadi

lalakonna teu hayang di embar-embar mah urang teu bisa ngabewarakeun sangeunahna.

Lah… naha bet ngaleod ka dinya. Pan kuring mah lain eta. Nulis teh matak milih dina widang sastra. Lain berita. Sok inggis ku balukarna. Aya pihak nu dirugikeun.

Milih widang sastra sotenan, sugan bae jalma teh ku resep kana sastra mah, batinna bisa leuwih seukeut. Rasana leuwih *peka*.

Geus lila memang digembar-gembor, di dunya pendidikan oge, sangkan urang loba neuleunam kana *literasi*. Loba maca , sangkan loba kanyaho, sangkan loba pangaweruh nu katarima, nu nyababkeun urang bisa jadi leuwih wijaksana dina nyanghareupan mangrupa pasualan di dunya. Tapi… da weleh, najan digembar-gembor bae oge tetep urang teh teu bisa ngaleupaskeun tina kabiasaan, *budaya tutur* tea. Leuwih resep keneh kana ngawangkong batan kana tulas-tulis. Naha nya ?

Cenah; hasil panalungtikan badan dunya, dina widang Uji literasi (neuleunan eusi wacana ku jalan maca) horeng barudak Indonesia (boa masyarakat umum ge kitu) ukur bisa nyicingan tingkat ka 45 tina 48 nagara nu di

talungtik dina taun 2011. Malah dina taun 2012, lain beuki onjoy, tapi nyirorot ka tingkat 64 tina 65 nagara nu di survey tea. Kitu laporan nu kabaca dina data PIRS jeung PISA teh. Beuki kadieunakeun, lain beuki onjoy, kalah beuki nyirorot ka handap.Kacida!

Ayeuna geus ampir sapuluh taun. Gerakan literasi nu digembar-gembor di sakola, can katingali kuliatna. Ukur masih jadi slogan. Ukur masih jadi wacana. Wangwangan. Can katingali karya nyatana. Na atuh. Sok atuh geura der, mimitian. Dialajar nulis teh. Najan ukur sabalang bentor. Ngutratkeun nu mungkin teu aya hartina ceuk jalma nu sok mingpiringan,sindir sampir, mah.

Assolatu hoirum… minan naum…… Sora tahrim, kareungeu hawar-hawar ti ka anggangan. Euhm… geus rek subuh geuning. Parat sapeuting teu sare. Ukur cangguluk hareupeun monitor. Teu beubeunangan. Jung nangtung. Derekdek, kuliat…. Sirah leneng.. Pitunduheun mimiti nyaliara.

Lamping Ciremai, Awal Desember 2023

Simposium

Rada hoream rek indit teh, beda ti sasari. Biasana oge lamun rek indit ka Bandung, penataran, tara ieuh talangke, rek indit jeung saha bae oge, atawa nyorangan, pokona mun geus waktuna, sok tara hese, jengkar ku maneh. Na atuh ari mangkukna, hoream teh kacida teuing. Duka pedah lain rek penataran ieu mah,*symposium,*cenah!

Atuda rek teu talangke kumaha, apanan meunang beja kudu ka Bandung teh pidua-poeeun ka indit, bari cenah kudu mawa makalah nu rek di pedar di ditu. Nu eta makalah teh nurutkeun kana buku pituduhna (nu karek katarima bareng jeung beja kudu indit tea) kudu mangrupa kajian pangajaran nu geus dipraktekkeun saeutikna salila sa semester, bari kudu dilengkepan ku data anu akurat tur otentik tea.

Ceuk kuring , aeh pikeun diri kuring, ketang, nyieun makalah sarupa kitu, pamohalan bisa kajieun, da mikabutuh waktu nu rada panjang pikeun ngararancangna. (duka teuing ketang da ari nu lian mah barisaan nyieun makalah ditoron sapoe sapeuting oge, duka makalah siga kumaha teu ararapal teuing ! Rumasa diri mah rada belet

ongkohan nyieun nu kararitu teh, teuing idealis sok hayang nyieun nu rada sampurna. Duka..ah..Mana nu bener ?!)

Poe Minggu isuk , tabuh dalapan cenah kudu ngumpul di sakola ngarah indit bisa bareng kana mobil pa Uha.

Geus tabuh sapuluh kuring masih keneh di imah. Teu indit ka sakola, da puguh ti kamari keneh oge geus bebeja ka babaturan teh, kuring mah moal indit. Kateu teu ari indit oge teu babawaan. Rek ngadon naon di ditu? Teu mawa makalah ! Palang siar di sina balik deui. Eleh samemeh prung ! Ongkohan ongkos keur indit nu biasana sok di bikeun ti samemehna, ayeuna mah can ka cekel. Piraku ari kudu ngongkos ti saku sorangan? Teu pati haranay teuing! Sakieu keur tanggal tua teh! Ah. Pokona mah anggap bae teu boga beban rek teu indit oge! Ongkos teu di bere (atawa can di bikeun kituh?!) Surat tugas teu kacekel ! Hanas kamari mani ngeukeuhan kudu indit ! Sabodo teuing, da ngan ukur ku lisan ! Siga lain tugas dines bae ! Sok ngagagampang ari taeun teh !

Nincak tabuh sabelas kurunyung teh nu nyusulan. Di antos di sakolah cenah. Nu sanes tos karempel kantun bapa bae. Pokna.

“ Bejakeun Dan, Bapa mah moal mangkat kituh !” tembal teh kanu nyusulan. Teu loba omong deui Mang Dadan -TU di sakola tea- leos indit rurusuhan. Kuring ngehngel seuri koneng. Mang Dadan mengpeos. Sanggeus teu katempo deui mah blus kuring asup ka imah, bari mawa hate nu rada mandeg mayong ; indit kitu?!Ah…

Sabot ngahuleng, kring telepon di sada . Geus boga rasa. Pastina oge ti sakola.

“Pa Eman, buru di tunggu di sakola !” Ceuk sora ti beulah ditu.

“ Ah. Moal Pa Uha, hoream. Teu siap yeuh sayah mah !” tembal teh.

Ti beulah ditu Pa Uha nyoroscos nyarios, ngangajak, ngawayahna-wayahna, ngeukeuhan kuring kudu indit. Di tunggu di sakola ayeuna pisan cenah.Teu meunang henteu.

“ Moal, tembal teh, kajaba... lamun disampeur , nya... hayu ! Tembal teh rada ngaheureuyan !

“Baku ilaing mah sok olo–olo teh !” Sora ti beulah ditu semu keuheul. Kuring ukur ngehngel !

Teu pati lila sora klakson ngageroan ti jalan . Ka tempo tina jandela Pa Endang mukakeun panto mobil, nyampeurkeun ka imah. Acan ge tepi kana golodog kaburu kuring nyampeurkeun. Amitan ka pamajikan rurusuhan, tas pakean nu ti tadi geus disiapkeun ku indung budak gancang di jewang. “Mah bapa mios heula muga lungsur langsar !” Pok teh bari gejlig rurusuhan.

***

Satengah tujuh karek nepi ka BMI teh, Minggu tea sok macet di jalan ka Lembang mah, kitu ge bari rada ngatog.Teu apal jalan . Malum geus poek deuih ! Peserta Simposium nu ti mana-mana geus daratang. Rombongan kuring telat! Nurutkeun kana jadwal mah tabuh opat tadi pembukaanana. Sanggeus daftar ka panitia, bari loba tatanya (tamaha nu teu ‘barang bawa’) narima alat tulis, jeung merenahkeun kamer keur mondok ,kuring jeung rombongan milu pagaliwota ngantri dahar; *makan malam*.

Rada reugreug ayeuna mah sanggeus meunang

kajelasan ti panitia tadi ; cenah nu teu mawa makalah moal di pulangkeun; hawatos, tebih-tebih ti lembur kudu di usir, mangga bae ngiringan etang-etang nambihan luang. Ngan poma ulah miharep janten juara, ari teu nyandak makalah mah!

Ba'da isya acara dikawitan deui. Ceuk dina jadwal teh aya "Keynote Speaker" cenah. Kateuing acara nanahaon ta teh, rada teu ararapal teuing ! Pokona mah kuring ngahadiran jadi *pendengar setia*, niat indit ti imah oge.

Panitia paciweuh di hareup nyiapkeun layar jeung laptop keur alat bantu, meureun. Teu pati lila ngong juru duum muka acara, ngenalkeun nu calik di payuneun para peserta, dituluykeun kana mere kasempetan nu saluas–luasna pikeun Mr. Joshua ti Singapur nerangkeun naon nu aya dina eusi uteukna. Cenah cek manehna di Singapur mah pendidikan teh geus leuwih maju tibatan di Indonesia. Malah geus aya nu make sistem internet sagala rupa, nu kasebut program e-learning tea (sanes e-leneng, ieu mah). Tanggung jawab pamarentah jeung lembaga sosial pikeun dunia pendidikan teh geus leuwih onjoy ti batan di Indonesia. Kitu ceuk manehna bari nembongkeun

sababaraha contoh tampilan dina layar laptopna. Jeung loba deui-loba deui nu di terangkeun ku manehna. Nu antukna mah manehna umajak ka para guru peserta symposium tea sangkan ninggkatkeun daya inovasi jeung kreasina pikeun dunia pendidikan ku cara nyoba make sistim e-learning nu ditawarkeun ku manehna. Guru di Indonesia kudu leuwih maju batan di Singapur, sabab potensi nagarana leuwih onjoy tibatan Singapur. Jeung loba deui, teu pati kabandungan da ieu sirah geus rada leneng hayang istirahat.

Beres Mr. Joshua ngaberendelkeun ka onjoyan pendidikan di nagarana (bari satengah promosi), dituluykeun ku panitia ngabagi pitempateun tiap–tiap kelompok guru nu rek symposium tea.

Jam sapuluh peuting acara pembukaan poe ka hiji lekasan. Kuring jeung babaturan muru kamer pamondokan di lantey tilu. Nepi ka panto kamer, muka konci, ucul–ucul pakean, ganti ku trening, goledag na kasur beulah sisi tembok, ngarah teu pati kaganggu ku batur. Ma'lum sakamer teh ku genep urang. Kasur ngajajar, ngabaris, siga jajar pindang!

Awak lungse. Cape urut diperjalanan. Ngagoledag na kasur empuk. Karasa hawa Lembang tiris nyelesep satulang sandi. Leng... pikiran jauh ngalayang, ngacacang, mapay– mapay kota Bandung. Leng... leng.. kuring teu inget di bumi alam. Pindah ka alam pangimpian....

Poe ka dua, isuk keneh, geus ngantri di ruang makan. Sarapan Nasi Goreng, jeung ceplok endog. Ngantri, ngabaris, siga tentara nu nampa ransum. Tabuh dalapan, sup asup ka rohangan nu geus ditangtukeun ku panitia. Di rohangan geus nyampak sababarah urang patandang utusan ti unggal sakolana sewang-sewangan. Ka asup kuring, nu teu mawa makalah, keur presentasi. Rek ngadon lalajo batur.

Tabuh salapan sesi ka hiji beres. Istirahat. *Coffee-break*,cenah. Nu resep udud mah, udud. Da geus ngarasa pait tikoro cenah. Nu tara udud, ngadon cicing di luar rohangan kagiatan.

Satengah sapuluh sesi dua dikawitan. Patandang nu midang teh ti SMP Bogor. Meni capetang jeung tapis si Ibu, ngadederkeun makalahna. Lancar norolang. Kalayan di lengkepan ku poto-poto nu ngadukung kana bukti panalungtikan nu ku inyana dilakukeun. Dina layar

proyektor. Tur nembongkeun sababaraha buku catetan *Diary* barudak nu jadi objek panalungtikan dirina salila semester kamari. Yakin. Benerna inyanna teh ngalakukeun eta panalungtikan kelas, atawa ceuk basa kerenna mah, *Class Action-reseach*-na teh. Kayungyun, ku tapis jeung parigel dina ngajelaskeun jeung mertahankeun pamadegannana. Kayungyun ku capetangna, dina nyutat teori-teori ti para ahli nu ku inyana dijadikeun *reperensi*. Kayungyun, keur masih ngora keneh teh, lega wawasan jeung kamampuhan dina ngalarapkeun basa Inggrisna. Kayungyun ku, geulisna deui. Asa kataji.

Ba'da lohor. Tabuh dua, sesi tilu jeung opat lumangsung saperti sesi samemehna. Sababaraha patandang nu geus nyiapkeun materi, tampil ngadederkeun hasil panalungtikan jeung mertahankeun pamadegan sewang-sewangan. Sarerea oge nyieun dasar pamikiranna kalayan nyaluuhkeun kana pamadegan para ahli nu ku maranehanana dijadikeun dasar sandaran teorina.

Tabuh lima *symposium* sesi beurang lekasan. Muru kamer. Ucul-ucul, ka cai, goledag ngadon ngagoler

dina kasur. Ngareureuhkeun kacape sabot nungguan magrib jeung makan malam.

Satutas nohonan magrib, muru tempat ngantri di aula, makan malam. Sanggeus ngeusian piring samistina, culang cileung neangan tempat diuk nu lowong. Kaparengkeun di juru rada jauh aya meja nu masih kosong. Solongkrong ka lebah dinya. Gek diuk.

"Masih kosong,Pa? Can aya nu ngarencangan ?" Hiji sora nanya ka diri kuring.

"Teu aya." Tembal teh bari neuteup ka datangna eta sora. " Mangga. Kosong keneh,Bu."

"Bapa teh, di Basa Inggris, sanes ?" Tanyana, sanggeus manehna diuk jeung nyimpen piring alasna.

"Muhun. Ibu teh nu ti Bogor tea, sanes? Nu tadi siang ngadugikeun materi ?"

"Muhun."Tembalna singket, bari maledogkeun imut. Manis. Najan ukur katojo cahya lampu nu teu pati caang, tapi tetep imut nu nyari mah, matak nyentug kana jajantung.

Salila mindahkeun dahareun tina piring ka jero beuteung,ngadon maling-maling, nyidik-nyidik pameunteuna. Geulis. Najan teu make make-up; Nyari. Geulis asli bawa ti Ajali!

Teu buru ninggalkeun eta meja, sanajan eusi piring geus kosong. Anggur cangguluk bari nyoo gelas nu eusina tinggal saparapat. Ngadon jongjon nataan nu calik payuneun. Nu di pelong siga nu ngahajakeun. Sanggeus eusi piringna teu nyesa. Sanggeus gelas wadah citehna tinggal satengah. Pok inyana tetelepek nanya itu-ieu. Ukur ditembal saperluna. Jalma anyar pinanggih.Teu hade ngabejakeun saujradna. Teu perlu. Kuring tetep nyekel kana papagon diri mah.

"Dikantun,Bu. Mayunan" Pok teh sanggeus sababaraha jongjonan taya cacarita. Manehna ukur unggeuk ng-enyakeun.

Datang ka hareupeun panto kamer can aya sasaha. Panto masih ngonci. Rugah rogoh kana sarigsig angina luhur panto. Nyasaran konci. Gorehel kacampa. Ceg dicokot. Kolotrak panto dibuka. Sabot nungguan kagiatan

sesi peuting, ngadon macaan majalah nu disimpen dina luhureun meja. Pangangguran.

Tilu poe dua peuting, kagiatan di BMI teh lumangsung kalawan lungsur langsar. Pinilih nu kudu ngawakilan Jawa Barat ka tingkat Nasional geus diumumkeun basa penutupan sesi tadi peuting. Lain kuring, da puguh kuring mah teu mawa makalah. Ukur jadi peserta *pasif*. Alias ukur lalajo batur. Ngabandungan nu lian. Bari nyiar luang.

Mulang ka lembur sarombongan, ba'da lohor. Sanggeus acara penutupan umum nu dilaksanakeun di aula umum ku Kakanwil Jawa Barat tea.

.....

Genep bulan ti saprak harita, papanggih deui jeung urang Bogor teh basa aya kegiatan Pembinaan Pengelola SMP Terbuka tingkat Nasional, di LPMP Jakarta. Di jalan Nangka. Pasar Rebo. Inyana nanya ti heula. Kuring mah geus kalinglap ka manehna.

Sanggeus sababaraha jongjonan kuring ngahuleng. Nginget-nginget ahirna mah aya kelemeng

dina pikiran teh. Robah tangtungan ! Leuwih perceka, luwes jeung leuwih modis. Asa teu pati pantes jadi guru deui. Pantesna ge jadi artis, sigana mah. Aeh duka ketang. Eta mah sawangan kuring, nu saukur hiji guru ti pasisian. Mungkin bae ari pikeun guru di Bogor mah. Hiji kota nu teu pati jauh ka Ibu Kota, Jakarta. *Penampilan diri* kudu leuwih diperhatikeun, sangkan para siswa teh tetep mere ajen ka nu jadi guruna. Teu eleh ti *profesi* sejen.

Peutingna, jonghok deui jeung inyana, dina acara pembukaan di aula, *auditorium*. Teu kuhanteu inyana diuk gigireun beulah kenca.

Satadina mah ngahaja diuk teh di jajaran bangku tukang, rada mojok beh teu tiris teuing ku hawa tina AC jeung bisa nyalse. Enya eta oge korsih gigireun teh masih kosong. Corengcang. Pada hayang diuk di hareup. Utamana ibu-ibu mah. Ngarah jelas jeung teu kaganggu meureun. Apanan niat ti tempat asal ka ieu patempatan, LPMP teh, rek nyuprih pangaweruh anyar. Ari heg ninggang di kuring mah, ah.. puraga tamba kadenda. Nu penting milu hadir. Da geus mindeng meunang pelatihan nu kitu teh. Eta deui,eta deui. Tuh kan salah sahiji narasumberna ge angger manehna. Kang Nana, nu baheula

mangsa kuliah bareng sa indekosan. Bareng sagulung sagalang. Idek liher didinya.

"Tos lami, acarana dibuka teh ?" Pokna, ngajak cumarita.

"Teu acan,Bu." Tembal teh, "Kirang langkung sapuluh menitan mah. Biasa, ngaret."

"Oh …" Ukur sakitu tembalna. Kusiwel kana tas-kit nu tadi basa lapor ka panitia, waktu beurang dibagikeun ka unggal pamilon kagiatan. Rugah-rogoh siga aya nu di teangan. Sanggeus manggih, kotak leutik teh dibuka. Ceg salambar. Song diasongkeun ka kuring. Bari pok nyarita : Bilih peryogi , cenah. Diilikan, horeng kartu nama manehna.

Teu jongjon ngabandungan nu cumarita di hareup teh. Kaganggu ku inyana , Bu Guru nu niru artis tea.

Aeh.. bet nyalahkeun nu lian. Kuringna oge nu salah ketang. Bongan diuk dijajaran bangku tukang. Atuh tangtu bakal loba gangguan mah. Da tadi ge lamun hayang jongjon mah pedah naha atuh cicing teh lain di jajaran hareup. Ngarah bisa jongjon, manco kana materi saji mah.

Tabuh sapuluh, acara lekasan. Sanggeus negeskeun jadwal kagiatan keur poe isuk, burudul sarerea ningalkeun aula, rek muru ka tempat leleson masing-masing.

Kagiatan nu tilu poe, teu karasa geus ampir lekasan. Panungtungan, kagiatan, saperti biasa ditutup di aula deui. Sanggeus ngabagi amplop jeung sertifikat kagiatan, acara bubar.

Pasarandog di lawang jeung inyana nu nyolongkrong mikeun amplop.

Ulah dibuka heula. Ke bae pami tos bade kaluar ti ieu tempat, cenah.

Mangsa nungguan mobil jemputan, panasaran amplop teh di buka. Mana horeng eusi surat ti manehna. Pondok. "*Pami aya waktos, diantos di Cileungsi*, *Aya nu kedah dicarioskeun*."

Ukur ngahuleng. Naon maksudna.

Lamping Ciremay, Nopember 2009

Kuring, Budak Kuleuheu

Duka geus sabaraha welas tahun, duka geus puluhan taun, kuring cicing, idek liher, hirup ngabebetah di sakola. Da sakainget mah, harita teh nu keur jeneng jadi kapala sakolana bapa R.Tatang Riyana, ti Leuwimunding.

Nu jadi alatan,pangna kuring ayeuna aya betah cicing di sakola, pedah tadina mah dipaksa, jeung kapaksa. Kitu kuduna meureun.

Duka ari taun sabarahana mah, poho deui. Ngan nu moal bisa kapopohokeun ku kuring mah , mimiti nyicingan ieu sakola teh , nya poe kadua lebaran haji, lebaran qurban.

Harita,sabenerna kuring keur betah ngadunungan ka Mang Jupri, urang Padahanten. Rek teu kitu kumaha, atuda unggal poe kuring dipeupeujeuhken sagala rupana. Wanci isuk geus disadiaan jukut nu masih seger, sok sanajan eta hasil ngarit poe kamari. Atuh pabeubeurang kitu deui, dahareun dina mangsa kuring lapar masih aya nyanding. Komo ari pasosore mah, jukut dahareun kuring teh pasti masih seger pisan , da puguh anyar ngarit poe

harita. Sakalieun, mun inyana kapohoan, rada elat mere kuring dahareun, kuring tinggal ngagorowok rada tarik, bari gegedog kana kandang, pasti moal lila deui Mang Jupri atawa pamajikanana nyampeurkeun kuring, mere dahareun. Atuh mun seug kuring geus rada kuleuheu, gancang Mang Jupri ngamandian kuring di walungan nu teu jauh ti imahna.

Tara ngarasula Mang Jupri meupeujeuhken kuring. Cenah kitu peta teh da manehna boga harepan ka diri kuring, sugan bisa payu di jual dina bulan Rayagung taun ieu. Geus manjing umur pikeun jadi korban, kitu ceuk manehna basa aya nu nanya teh.

Pikeun diri kuring, ngadenge kudu jadi kurban, teu ieuh jadi gimir. Bungah nu aya. Diri bakal jadi manfaat keur manusa. Kuring kungsi ngadenge obrolan Mama Kiyai, cenah tong boro dagingna, dalah buluna oge bakal jadi saksi, amal soleh, jalma nu kurbanna.

Pi saminggueun deui ka poean lebaran, can aya bae keneh nu mileuleuheungkeun diri kuring. Boa moal tulus jadi sareat kurban taun ieu kitu. Gerentes kuring.

"Pedah naha ? Apanan ieu diri teh sakieu buteterna.Lintuh.Loba daging. Bari jeung tanduk nu sakieu nyengklikna. Naha atuh nya ?"

Piisukaneun poean lebaran, kedenge Mang Jupri,dunungan kuring, guntreng badami jeung tamu di teras imah.Teu lila katingali inyana nyampeurkeun ka kandang kuring.

Tuh, Pa. Mangga tingali! Tangtos lah Bapa bogoh. Moal nguciwakeun. Tos manjing 2 taun da. Ongkohan huntuna oge tos aya nu pungglak. Kitu ceuk Mang Jupri, dunungan kuring teh. Bari ngusapan ka kuring. Kuring lunda lende. Ogoan. Hayang kapake.

"Muhun. Muhun…Mang. Tos lah percanten. Mung perkawis hargina kumaha, Mang ?" Cek tamu nu diajak ningali kandang kuring.

"Muhun sakitu, Pa. Abdi teu wanton lungsur deui. Tos cekap mirah sakitu mah." Tembal Mang Jupri teh.

Sanggeus sajongjonan ngahuleng. Ki tamu teh nyarita: " Nya, Mang, sapuklah.Namung, kieu Mang, abdi nitip bae heula di dieu. Wayahna ke ku abdi dibantunna

dintena lebaran pasosonten. Da moal kangge dintenan Ied. Ke we lah, kanggo hari Tasrik.” Ceuk tamu teh.

Oh, muhun mangga, abdi tanggel waler kanggo marabanna dugi ka waktosna. Insya Alloh.

Hate kuring bungangan.Bungah. ” Tulus sigana mah kuring bakal jadi saksi amal solehna hiji jalma dina ngalakonan ibadah kurban.”

Ti saprak harita kuring leuwih segut mun di bere parab ku Mang Jupri. Tara rewel kana naon nu dibikeun ku dunungan. Harepan teh sangkan teu nguciwakeun ka anu meuli kuring jeung dunungan kuring, Mang Jupri.

Pasosore poean lebaran haji. Ba’da Asar aya nu datang rek nyampeur kuring. Kuring atoh. Ngabageankeun. “Embeee……. embee….” Bari gegedog kana palupuh kandang.

“Cik,Mang, mana tali kangkalungna. Urang turunkeun tina kandangna. Talian deui sukuna.Ngarah teu abrug-abrugan dina motorna.” Ceuk tamu nu minggu kamari panggih jeung kuring.

Nu disebut Mang ku tamu nu ti heula panggih teh, leos muru motorna. Teu pati lila geus jol deui bari mamawa tambang plastik ukuran sedeng.

Da puguh ti anggalna oge kuring mah geus rido mun kudu palastra jadi daging kurban, atuh nya teu loba polah. Leah bae ditalian, di tungtun di taekeun kana motor teh. Teu ieuh adug songkol, ngahesekeun nu rek mawa.

Motor teh eureun hareupeun panto gerbang sakola nu kabaca ku kuring : SMPN 1 SUKAHAJI.

Rada reuwas, naha bet dibawa kadieu. Lain ka imah nu meuli kuring, atawa ka masigit. Gerentes teh.

Sok Mang turunkeun. Tungtun ka jero. Urang simpen di pakarangan tengah bae. Talikeun kana patok tuh handapeun tangkal kiara nu aya jukutan . Sina barang hakan.Cek nu saurang,nu tadi ngamudikeun motorna.

Mangga,Pa.

Kuring mugen. Adu regeng jeung nu ngagusur. Sesepak, bari laklak dasar nyarekan kanu nyered tambang panyancang kuring. Embeee…embeee…

Najan adug songkol, kekepehan. Teu hayang milu nuturkeun kanu nyered, antukna kuring eleh tanaga. Da lain ngan ukur disered, tapi ti tukang bujur kuring ge disusurung, sangkan nuturkeun kanu mawa.

Wanci nuju ka magrib. Hawar- hawar sora adan di masigit ngajak ibadah kanu Kagungan hirup jeung huripna sakumna mahluk. Kuring ukur ngaheruk,andiprek handapeun tangkal kiara sakola. Dibaturan ku recetna obrolan jangrik, disimbutan ku hawa pagunungan nu mimiti karasa nyecep kana kulit. Lampu remeng-remeng ti kajauhan teu cukup pikeun ngawaskeun naon rupa nu lalar liwat di beulah ditu.

Allohu Akbar, Allohu Akbar, Allohu Akbar….. Sora takbir ngalanglaeung ti masigit. Kuring ngucap nurutan takbir, ngaagungkeun jenengan nu Maha Kawasa. Embee…, embeee, embee…

Sapeupeuting kuring nyaliksik diri,napakuran nasib diri,nu teu sapagodos jeung harepan kahayang ti heula. Sugan teh nasib bakal jadi saksi kasolehan jalma muslim dina raraga nohonan ibadah, nyonto kana sajarah

nabi Ibrahim. Jeung nurut kana sareat nu geus didugikeun ku rosul Muhammad saw. Jadi kurban.

Mun teu salah mah cenah. Sarupa bangsa kuring. Apanan sahna korban hiji domba teh apan ukur pikeun saurangeun jalma. Lain siga ayeuna kawas ninggang kana diri kuring. Dipake kurban pikeun barudak sakola. Anu biaya dipake meuli kuring ka Mang Jupri teh alatan udunan, papatungan, ti sarerea, murid ieu sakola.

Kuring bingung. Keur saha engke ,di poean Masyar, kuring jadi saksi. Keur saha kahadean nu kudu ku kuring disaksikeun. Naha keur Bapa Ibu guru, ustad, nu ngadidik, ngajarkeun ibadah kurban, ka murid-muridna ? Naha keur Bapa Kapala Sakolah salaku pupuhu ieu sakola nu geus nyaluyunan kana kagiatan diajar ibadah kurban ? Atawa pikeun murid – murid, anu geus sukarela mikeun duit rereongan pikeun meuli kuring, keur dijadikeun kurban . Atawa keur saha ? Ah…. Weleh teu meunang jawaban.

Hawa tiis peuting sumelendep kana kulit, nyaliksik kana daging. Nyecep tiris.Langit nu poek, taya bentang nu nembongan. Ukur sora hawar- hawar takbir di masigit anu

nyulusup kana ceuli,ngajak eling kanu Kawasa. Embee…embee… embeee… Kuring nurutan takbir.

"Mang, sok bawa ka lapang upacara dombana." Hiji sora ngagareuwahkeun kuring nu keur sare tibra. Sabab sapeupeuting kuring ampir teu bisa sare, napakuran nasib diri, nu jauh tina panyangka.

Kuring ditungtun, ka tengah lapang. Ditalian dina tihang bandera. Ratusan pasang mata mencrong ka diri kuring. Ukur bisa sasambat. Embee…. Embeee..embeee.

Rengse biantara Bapa Kapala Sakola, nu dituluykeun ku Pa ustad Sumbada, kitu cenah ngaran nu disebut ka jalma nu kamari mapagkeun kuring tea. Kangkalung tambang nu meulitan beuheung kuring dikenyed, ka tengah lapang. Kuring baruntak. Satekah polah hayang leupas. Teu sudi teuing mun diri disasaak kieu.

Da puguh ukur pangawakan sakieu, katambah peuting kurang sare.Ajol-ajolan kumaha bae oge, antukna kuring ukur eleh tanaga. Digolerkeun. Beuheung diteueulkeun kana kayu. Gereyem ustad babacaan. Seuseukeut bedog diantelkeun kana beuheung kuring.

Sakali deui kuring barontak. Bari nyarekan laklak dasar. “embeee…embeee… embeee…

Kuring tetep adug- adugan. Cless, aya seuseuket nojos kana beuheung. Kuring jumerit. Adug songkol. Teu pati lila, rarasan awak bet ngahampangan. Kalayang kuring ngapung, nyaksian waruga nu ngababatang, ngagoler, dicarekelan ku tiluan.

Sora takbir barudak ngageder minuhan lapang upacara.Gederna sora nebak kana diri kuring. Soloyong… kadorongkeun, cle, dina momolo bangunan musola beulah kidul. Kuring nyerangkeun kana waruga nu keur disasaak. Dicacag.dikeureutan. Ukur bisa ngaheruk. Nyerangkeun ti kajauhan.

Nyedek ka wanci asar, lapang sakola geus sepi, pakarangan tengah sakolah oge geus sepi. Ukur kebul panyesaan ruhak nu nyieun sate , masih ngelun. Kuring ucang-ucangan dina suhunan sakola. Bingung pilampaheun. Rek indit ka mana ?

Tilu peuting kuring nyicingan suhunan sakola. Beurang kapanasan, mun seug peuting katiisan.Unggal poe nyerangkeun barudak sakola, dina mangsa istirahat.

Poean ka opat kuring nyoloyong pindah ka Beulah kaler, ka wetan. Ka WC guru. Iuh di dieu mah,teu kapanasan.

Ngabebetah di beulah dinya. Atuh, sakalieun hayang ulin, sok kaluar ti peuting , nyerangkeun ka ayaan sakola, bari ngabaturan Mang Ipin, Penjaga malem.

Duka geus sabaraha lilana kuring nyicingan WC sakola. Betah antukna mah cicing di beulah dinya. Nepi ka hiji mangsa, aya beja cenah WC rek dihadean. Direhab. Pikeun kuring mah lain genah sanggeus WC dihadean teh, antukna kuring pindah deui padumukan. Nyicingan tangkal duwet, hareupeun ruang olah raga, kantor pa Wawa.Rada mendingan di dinya teh. Daun tangkal nu ngarimbyok,cukup pikeun ngiuhan diri dina mangsa kapanasan. Sok sanajan cicing nyelepet dina gowok dahan, cukup pikeun diri kuring mah. Atuh mun dina mangsa kuring hayang midang, bisa sidengdang,ucang-ucangan dina dahan tangkal duwet eta.

Sababaraha taun kuring nyicingan tangkal duwet. Nepi ka hiji wanci, pimpinan anyar ieu sakola

marentahkeun ka pa Wawa, sangkan nuar tangkal duwet, tempat cicing kuring.

Eleh deet. Kapaksa kuring neangan tempat panganjrekan anyar. Beulah kidul,aya ruang kosong.Urut ruang OSIS nu geus lila teu dipake. Jarang kasorang ku jalma. Ukur dipake balaketrukkan. Numpuk meja jeung korsih butut.

Nu mimitina teu betah, lila-lila jadi betah. Lain ukur kuring nu nempatan eta ruangan. Ramat lancah, sireum jeung sato leutik sejenna, mindeng aya kumelendang, ngabaturan kuring di dinya. Jadi loba batur ngobrol.

Duka geus sabaraha lila, asa sakola teh jarang kasorang ku barudak. Anu diajar di sakola. Cenah aya beja alatan pandemi Korona. Atuh kuring ngarasa tiiseun. Teu aya hiburan. Teu aya deui galecokna barudak,ngawangkong ngaler-ngidul. Teu aya deui, cakakak cikikikna seuri, ocon barudak. Sepi sakola teh.

Alatan eta hal. Kuring jadi kuuleun. Nu tadina unggal isuk kuring geusat-gesut dangdan. mamatut diri, ayeuna mah ukur loba ngajentul di buruan sakola

handapeun tower tihang antene pamancar radio sakola. Moyan.

Hiji waktu kuring meunang hiliwir beja, cenah pimpinan sakola ieu teh geus ganti deui, alatan nu ti heulana pangsiun.

"Ah, sugan aya parobahan kanu leuwih hade. Sugan mawa leuwih seungit dangiang ieu sakola. Sugan moal matak susah kadiri kuring". Gerentes hate, noroweco sorangan. "Kitu sotenan pedah bae nu tiheula kungsi "ngusir" ka diri kuring, nepi ka dua kali. Ti mimiti keur betah cicing di WC, pindah ka tangkal duwet, tug ayeuna pindah deui nyicingan ruang OSIS, alatan tangkalna diruntuhkeun. Dipiceun,dijeun suluh."

Sakali mangsa, saperti biasa, kira wanci haneut moyan, kuring cangogo, cinutrung handapeun tihang antenna.Moyan.Katingali dina kolong meja aya nu ngagupayan. Panasaran, disampeurkeun. Diilikan. dirawel. Horeng baju pramuka ngalumbruk na jero koropak sorog laci meja. Sasetel, baju katut calanana.Lengkep. Geus kuleuheu.

Panasaran dicobaan. Rap dipake. Pas geuning kana awak kuring. Asa reueus, asa kagugu. Hayang seuri sorangan. Keteyep leumpang, hareupeun kelas. Nurutan peragawan nu keur mamerkeun pakean.

Rada reuwas basa aya nu mukakeun panto. Kuring asa kagareuwahkeun. Keur jongjon nurutan peragawan, asa aya nu ngabetahkeun. Teu sadar kuring ngagorowok:'Pa,Wawa ".Cekeng teh.

Kapireungeuh nu dihareupeun teh lain Pa Wawa, kuring kapiasem. Ulungah-elengeh,tamba era.

Tapi… lila-lila kuring reuwas, beretek lumpat ka wetankeun. Nyumput di WC beulah wetan sakola. Ngahephep, teu kecet-kecet.

Lamping Ciremay, Pebruari 2021

Tebing Breksi

Datang ka sakola teh ba'da magrib. Geus loba barudak nu ngagimbung, dianteurkeun ku kolot-kolotna. Padahal ceuk Panitia, piinditeun study tour teh ba'da Isya. Paling telat tabuh salapan peuting.

Duka banget daria hayang buru indit, duka sieuneun katinggaleun mobil. Teu kungsi katalungtik. Ongkohan aya alusna oge. Datang leuwih awal.

Mobil beus geus ngajogrog di sisi jalan. Hareupeun sakola. Ngabaris aya opat. Tara elat eta oge. Saban taun,mun sakola indit study tour, tetep make armada beus nu eta. Geus gede kapercayaan ka eta armada teh.

" Pa, dupi beus hiji nu mana?" Ceuk hiji budak tumanya.

"Duka,atuh." Tembal teh." Ke teu acan dipasang nomer beusna. Masih di Panitia, panginten." Ceuk kuring neruskeun jawaban keur manehna, da siga nu masih panasaran. Kuring muru kantor guru. Rek nepungan panitia, sugan geus aya nu datang.

Memeh asup kana mobil sewang-sewangan, barudak dikumpulkeun di pakarangan hareup sakola. Dibere wejangan,jeung sababaraha kajelasan ngeunaan tata tartib salila diperjalanan, boh di tempat tujuan. Katut rencana rute nu rek disorang. Negeskeun! Panungtung, ngecek, bisi aya budak nu can hadir. Geus kitu mah dibubarkeun. Dititah mariksa barang bawaan masing-masing. Bisi aya nu tinggaleun.

Kuring ngaleos ka musola, rek nyumponan salat Isya, nu tadi katunda alatan musolana pinuh ku barudak. Teu kabagian tempat .

-***-

Mobil ngadius, nyemprung ka wetankeun. Mapay-mapay jalan tol. Barudak galecok sewang-sewangan. Sabangkuna-sabangkuna. Saparo, eak-eakan, babalagonjangan, siga nu manggih kabungah. Sababaraha urang, neuteup ka hareup. Ningalikeun jalan jeung jorelatna kalangkang nu kasebrot ku lampu-lampu

gigireun jalan. Siga nu nganteur lamunan. Ngambah ngebelesat ka tempat tujuan . Miheulaan raga badagna nu masih ngeureuyeuh nuturkeun jalan, rek muru tempat tujuan.

Haleuang tembang dina TV nu di puterkeun, mawa hate sumeblak. Loba karempan pikeun diri kuring. Ukur gerentes. Mumuntang ka nu Agung : muga-muga teu aya bancang pakewuh nanaon. Da puguh niat kuring mah geus tangtu, saukur rek nganteur kahayang barudak, dina raraga nambah luang ku cara mapay-mapay tapak lacak sajarah. Rek neang Borobudur, nu meh saban taun dianjangan. Hamo lain teu bosen. Ngan saukur rek nganteur kahayang barudak. Teu leuwih ti kitu.

Memeh subuh, opat mobil beus rombongan barudak kuring, geus ngajogrog ti tempat parkir nu biasa. Geus jadi langganan lebah dinya. Di pa Lurah. Cenah.

Pepedut nu minuhan sabudeureun Borobudur, nyimbutan, ngusapan, ngeukeupan jalma-jalma nu keur katirisan. Matak mawa tunduh. Mawa lapar. Tapi… najan kitu kahirupan teu bisa dibendung. Hilir mudik, pabaliut jalma di sabudeureun Candi Borobudur geus dimimitian ti janari keneh. Jalma-jalma bajuang, pikeun mertahankeun

hirup jeung kahirupan diri katut kulawargana. Neangan kipayah.

Tukang dagang asong nu nawarkeun baju batik, kaos jeung rupa-rupa oleh-oleh has Borobudur geus ting solondo nawarkeun babawaanna.

"Bade ngopi, Pa ?" Hiji sora wanoja meupeuskeun lamunan kuring. Direret ka gigir, ti asal datangna eta sora. Manehna ngabelenyeh. Maledogkeun imut. Matak runtag jajantung.

"Ngopi,Pa ?" Bari nunjuk gelas nu tinggal satengah eusina.

"Bade? " Bari ngadilak.

Ukur unggeuk nga enyakeun.

-***-

Tabuh tujuhan barudak diabringkeun muru panto asup ka Taman Borobudur. Dibariskeun di palataran hareupeun panto asup bari nungguan nu keur pesen karcis. Sanggeus sarerea kabagian karcis, tuluy muru panto pamariksaan karcis. Blus sarerea asup ka bagian jero Taman, muru Candi.

Dua jam satengah, sanggeus ngurilingan Candi jeung dipegat Pasar Seni di panto ka luar, cukup teklok kana tuur nu geus boga umur. Duka ari mungguh barudak

mah, da siga nu jaligrah keneh bae. Jagjag. Manggih kabungah.

Sanggeus sarerea kumpul deui di palataran parkir. Barudak diroris. Bisi aya nu masih katinggaleun. Bring, lalampahan diteruskeun. Muru kota Yogya. Muru ka Taman Dirgantara.

Geus ngabaku. Najan masih keneh aya dina kaayaan Pendemi, kota Yogya pinuh ku kandaraan nu hilir mudik. Yogya nu heurin usik.

Meh ampir sa jam satengah, karek anjog kanu dituju. Taman Dirgantara. Sanggeus dibere pituduh saperluna, barudak turun tina beus. Diaber sina ka mana boa. Keun bae lah, da moal kabur ieuh. Sina jongjon nempoan loba-loba mangrupa kapal udara nu baheula jaman bajoang kungsi dipake di medan pangperangan. Jaman kamerdekaan.

Sanggeus nyukupan kana jadwal nu ditangtukeun. Sanggeus barudak diabringkeun dahar di rumah makan, sanggeus nyumponan solat lohor, lalampahan rombongan diteruskeun ka Tebing Breksi.

Anjog ka tempat nu dituju kurang leuwih tabuh dua. Meujeuhna panon poe keur tarik moreret. Angin beurang nu nebak kana awak ngaheab panas. Mawa

hoream kana lalampahan. Tapi…kusabab kawajiban, kapaksa nuturkeun barudak nu nikreuh, naek ka luhur Tebing Breksi.

Ti luhur Tebing Breksi, pamandangan plung-plong ka sagala arah. Beulah kidul, handapeun Tebing, tempat parkir, ngabaris beus nu keur nungguan panumpang. Kiduleunna, ngajegir lamping nu jadi hahalang. Beulah wetan, saung-saung ting parentul , ngabaris, dihias ku mangrupa memeron jeung spanduk. Mere iber ka sing saha nu rek reureuh, mepes kacape, sanggeus ngurilingan eta patempatan.

Mencrong ka Beulah kaler kulon, ngabayak pucuk-pucuk tatangkalan, hejo ngempoh matak seger titingalian. Di luhur mumungang beulah ditu, lapat-lapat katingali sagunduk wangunan. Candi.

Awahing ku panasaran, wangunan teh disidik-sidik, diilik-ilik, bari nyurengkeun panon. Siga karaton. Duka karajaan naon?

Hawar-hawar sora nu eak-eakkan beulah ditu. Lapat-lapat, siga nu ngabring bari ting corowok. Pasukan nu meunag tawanan.

Keukeuh hate teh panasaran. Naha aya naon ? Dipeletetkeun panon teh. Naha ujug-ujug breh katingali

aya wanoja gugupay siga nu menta tulung. Wanoja nu tadi isuk panggih di palataran Borobudur, ngajakan ngopi.

"Kang.Tulungan abdi." Eta sora eces kakuping, najan ti tempat eta teh, mangratus-ratus meter jarakna. Tapi bet tembres nongtoreng dina ceuli.

Kuring ngarenjag. Hookeun.Tapi teu lila kituna teh, da geus pok deui bae manehna nyora. "Pang nyumputkeun abdi." Bari pepeta sangkan kuring nyumputkeun manehna.

"Pang keupeulkeun dua panangan Akang, kieu yeuh !" Ceuk manehna bari pepeta. Najan sakitu jauhna ti tempat kuring cicing, tapi aneh, sora jeung peta manehna sidik tur atra jelas kaharti ku kuring. Lah-lahan, awahing ku panasaran, jeung karunya, manehna keur disusurung ku balatentara karajaan eta, kuring ngeupeulkeun dua dampal leungeun, ramo-ramo dianyamkeun. Krep dikeupeulkeun. Aya karasa siga nu ngabedol. Reuwas. Dicentok, siga nu keur narik jeujeur nu di sanggut ku lauk. Jedud. Kuring ti jengkang. Bujur neundeut kana taneuh. Janggelek, hiji tangtungan wanoja nu sampulur. Imut ngegelenyu hareupeun kuring, bari pok nyarios nganuhunkeun tos ditulungan.

Ukur olohok, mata simeuteun. Kaget campur reuwas. Aneh deui. Na saha ujug-ujug manehna geus aya hareupeun. Nu leuwih pikaheraneun, manehna bet sarimbag jeung wanoja nu kungsi nawaran cikopi tadi isuk di warung palataran parkir Candi Borobudur. Na saha atuh?

"Nepangkeun, abdi Dewi Lestari." Siga nu apal kana gerentes hate kuring. Bari solongkrong ngasongkeun pananganna.

Arap ap-eureup eup kuring nembal. Bari nyebutkeun ngaran. Sakali deui manehna nganuhunkeun ka kuring.

"Abdi teh diiwat, Kang. Ku pasukan ti karajaan. Keukeuh kedah kersa ditikah ku putra karajaan anjeunna. Sedengkeun abdi teh masih keneh hoyong lelengohan. Ongkohan, abdi mah teu betah cicing di daerah ieu. Panas. Resep keneh di ditu di lembur Priangan."

"Priangan ? " Pok teh , barang manehna nyebut kitu. ''Ke ,ke, maksad Nyai teh urang Sunda ?"

"Muhun. Abdi teh urang Sunda. Ti Sumedang Larang."

Beuki ngahuleng deui bae. Apanan Sumedang Larang mah ngaran karajaan? Pan ieu teh geus jaman modern ?

Siga nu surti kana eusi hate kuring. Manehna nerangkeun nu leuwih jentre. Kuring unggut –unggutan. Rada ngarti, naon rupa nu diterangkeun ku anjeunna.

Angin beurang tetep nebak. Tetep neumbag kana awak, tetep ngaheab, tetep panas, bayeungyang. Mega nu ngagunduk di luhur alak paul, nyingray ngajauhan. Panon poe beuki moreret. Matak tuhur kana tikoro. Hanaang.

“Kang,…“ Manehna nyoara, meupeuskeun kasimpe !Hilir mudik jalma sakuriling diri kuring weleh teu karengeu sora sorana. Simpe iwal ti tadi sora anjeuna.

“ Ngiring abdi. Panjajapkeun ka Tatar Sunda. Tuh dina tangkal kembang srangenge itu aya daun nu malik ka luhur. Nangkarak. Pang petikkeun. Abdi bade nyumput di dinya. Wayahna ku Akang abdi candak. Heg geura sakuan, atawa lebetkeun kana tas. Abdi seja nyumput di dinya. Ngiring jeung Akang.” Bari curukna nu lentik nunjuk ka hiji tangkal kembang nu marakbak ligar beulah kuloneun . Atra katanggara, hiji tangkal kembang nu keur ligar, unggeuk-unggeukkan siga nu ngagupayan diri kuring.

"Eu…sumuhun Mangga,Nyi." Tembal teh siga nu teu dipikir deui. Kojengkang suku ngalengkah ka tempat sapanuduh anjeunna. Dialak ilik, dititenan, sugan enya aya daun anu malik,nangkarak. Breh katingali, dina dahan nu ngarancabang. Aya lebah dinya. Solongkrong leungeun teh nyolodor rek metik eta daun. Bari luak-lieuk ,bisi aya nu nyerangkeun.

Jedud, daun ditarik, belesat siga cahaya nyirorot kana eta daun . Asa aya nu nyentok .Menened, daun asa ngabeuratan. Sup diasupkeun kana saku. Kuring rungah ringeuh, katempat tadi , basa ngobrol jeung manehna. Tapi… inyana teu aya didinya. Ngiles duka kamana ?

……..

Galecok nu keur ngobrol, di sakurilingeun diri kuring, jelas atra kana ceuli, ngan loba nu teu kaharti paomonganana. Ngan nu pasti, aranjeuna keur marelong kana diri kuring. Siga nu manggih kaheran. Kaanehan. Ukur ringah-ringeuh, jeung nurutan, nataan diri. Melong sakujur badan ti semet taktak, dada, beuteung kahandap kana suku. Taya nanaon. Teu aya nu robah dina diri kuring. Tapi… kunaon batur bet marelong ka diri kuring?

……..

Opat beus paantay-antay. Mapay jalan anu tadi. Nu kasorang waktu miang. Nanjak netek lalaunan. Awahing ku ati-ati, bari jeung beurat mawa muatan. Ayeuna keur mudunkeun. Tetep keneh lalaunan. Ati-ati . Inggis ku bisi rempan ku sugan. Sabab jalan nu disorang, kiri lamping, kanan jurang. Inggis pasarandog jeung nu lian lebah jalan nu teu meneran. Heg matak picilakaeun.

Wanci sareupna anjog ka wates kota. Lampu-lampu geus baranang nyaangan sabuder pakotaan. Beus eureun di tempat balanja. Mere kasempetan pikeun panumpang bisi arek barang beuli. Oleh-oleh has Yogya. Da asa piraku balik ti panyabaan teu meunang babawaan.

Sanggeus kitu, lalampahan diteruskeun, muru tempat jugjugan panungtungan. Malioboro.

Asa kebeneran. Parkir teh teu pati jauh ti tempat tujuan. Biasana mun nyanghareupan malem Minggu, pusat kota, Malioboro heurin usik, hese parkir.

Barudak geus teu salabar . Hayang buru muru Malioboro. Tempat nu diirong ti anggalna. Sok padahal ceuk kuring, geus ngawanti-wanti, yen Malioboro nu ayeuna geus beda jeung nu tiheula. Tapi.. da ngaranna budak, sok tara ieuh percaya, lamun teu katingali ku panon sorangan. Kudu ku bukti pribadi!

Sanggeuh barudak corengcang ditempat parkir. Kuring amitan ka pembimbing nu lian, moal rek miluan ngabringkeun barudak . Geus ngarasa lungse, alatan sapopoe tadi udar-ider.

Sajongjongan cicing cangguluk dina korsi nyanghareupan meja nu kosong. Di warung kopi gigireun tempat parkir. Pirajeunan mukaan HP. Ngilikan gambar-gambar potret nu dikirim dina WA ku batur nu lian. Sakapeung belenyeh, imut, mesem sorangan. Lucu ningali tingkah paripolah barudak siga nu manggih kabungah.

"Ngiring calik palih dieu,Kang." Ceuk hiji sora. Kuring tanggah, neuteup ka asal datangna eta sora. Can kungsi nembal, manehna geus gek diuk dina korsi hareupeun kuring. Bari meledogkeun imut. Imut nu sababaraha kali kapanggih ku kuring dina poe ieu. Ti isuk keneh. Di Borobudur, di Tebing Breksi, jeung ayeuna, di parkiran Malioboro. Angger imut nu eta. Matak runtag jajantung!

"Ngopi, Kang." Bari sor manehna ngasongkeun sagelas cikopi hideung ka hareupen kuring. Nu hiji deui disimpen hareupeun manehna.

"Geuning. Nyai?" Pok teh rada reuwas.

"Muhun. Abdi." Tembalna. "Pan ti tatadi oge abdi teh ngiring sareng Akang." Tembalna, siga nu apal kana eusi hate kuring. Surti kana pananya nu teu kungsi dikedalkeun.

Manehna ukur imut, ningali kuring nu siga bingung.

"Tos ah, tong dibahas nu eta mah. Engke oge Akang mendakkan jawabanna. Ayeuna mah mangga eta cikopi, bilih kabujeng tiis, matak moal raos geura." Pok na bari nunjuk kana cikopi nu masih ngebul.

Gelas cikopi tinggal gegedohna. Hideung nangreu di handap ngabulen areng nu tadi dipake manasan cikopi. Reyem-reyem katojo cahya lampu nu teu pati caang.

"Bilih kabujeng murangkalih darongkap. Dikantun heula bade ka cai." Pokna sanggeus sababaraha jongjongan taya anu cacarita. Kuring ukur unggeuk nga enyakeun.

"Aeh, muhun. Eta cikopi parantos dibayar ku abdi,Kang."

Pikeun kadua kali kuring ukur nembal ku unggeuk. Panon neuteup nuturkeun leosna, nepi ka ngiles kahalangan ku bujur beus. Hate tetep noroweco. Na saha atuh inyana ? Asa wawuh. Asa geus kungsi tepung. Asa

geus wanoh, sagulung sagalang. Tapi…. Boa-boa… Naha enya manehna nu ngakukeun ngaran: Dewi Lestari tea kitu? Weleh teu meunang jawaban.

Tabuh salapan peuting, barudak geus ngumpul deui di tempat parkir beus. Geus boseneun meureun, mapay –mapay jalan Malioboro. Duka geus carapeeun. Sanggeus diroris. Budak lengkep, bral opat beus ninggalkeun kota Yogya.

Mobil nyemprung mapay jalan tol ka kulonkeun. Nganteurkeun rombongan kuring mulang ka tempat asal. Banjar karang pamidangan. Lembur matuh panganjrekan.

Saminggu ti harita karek kaingetan, daun kembang srangenge nu kungsi disakuan, beunang metik ti Tebing Breksi, kapanggih masih ngagulung dina tempatna. Garing. Layu . Nu matak aneh, dina eta daun bet aya tulisan kieu :

Lambak Basisir Parang Tritis

Teu karasa sataun geus tepung gelang. Ayeuna geus rek indit deui bae nganteur barudak *Study tour* ka Yogya.Mungguh hate mah asa hoream rek nganteur barudak teh. Teu kitu kumaha. Atuda meh unggal taun ngajugjug tempat nu sarua.Teu beda. Eta keneh,eta keneh. Ari teu milu sasat narima tugas ti sakola, pikeun ngaping barudak. Enya eta oge, budak mah anyar pinanggih ka eta tempat mah. Tapi apanan ninggang dina diri kuring. Geus sering ngajugjug eta patempatan. Atuh pimanaeun mun teu bosen teh.

Rada talangke, indit ka sakola mangsa wanci leupas magrib. Maksud rek ngondisikeun barudak. Susuganan panitia nu sejen ge geus nyampak di tempat. Da kitu kasapukan panitia tea. Ba'da magrib kudu geus aya panitia nu ngawakilan cicing di tempat. Bisi aya kolot atawa budakna nu merlukeun iber ngeunaan lalampahan.

Masih corengcang. Ukur hiji-dua nu geus datang. Kitu ge sigana mah barudak nu imahna rada anggang ti sakola. Sok hese kandaraan angkutan umum, mun geus sore. Sigana mah eta oge dijajapkeun ku kolot-kolotna.Ka sakola teh.

Sanggeus Isya, di mushola nu diluluguan, imamna ku ustad Yahya, barudak teh dikumpulkeun di palataran hareup sakola. Di bere pituduh jeung wejangan heula, sangkan di

tempat tujuan bisa mawa diri jeung ngajaga ngaran hade sakola. Satuluyna diroris. Di absen. Bisi aya budak nu can datang di sakola. Melang tinggaleun.

Tabuh satengah sapalan, sanggeus pamilon studi tour lengkep, bring tilu beus pauntuy-untuy ninggalkeun sisi jalan hareupeun sakola. Muru tempat tujuan, ka Yogyakarta.

Sajajalan, barudak galecok, ngobrol sagala rupa diomongkeun, jeung papada baturna. Sagumbrul-sagumbrul papada bangku nu padeukeut. Sagala diomongkeun. Jaligrah. Siga nu meunang kabungah. Kuring ukur mesem, ningali polah barudak kitu. Ukur ngagerentes. Ngadunga : mudah-mudahan teu aya bancang pakewuh diperjalanan boh di tempat tujuan. Lungsur langsar, sakumaha nu dipiharep. Kalayan bisa nyugemakeun, nyumponan kahayangna barudak.

Lian ti galecok barudak, musik nu diputer dina beus, mairan ramena pangeusi mobil. Teu puguh dedengean. Duka geus kabiasaan kenek kitu. Mun nyetel musik teh, satarikna. Siga nu hayang ngungkulan ramena nu galecok ngobrol.

Hawa AC nyelesep kana jero kulit. Malipir kana tulang sandi. Nyecep tiis cambewek.

Panon kuring manco ka hareup. Ka jalan ningali pi tincakeun. Jalan nu keur dipilampah. Disorang. Pating jorelatna

kalangkang tihang listrik jeung tatangkalan sisi jalan nu kasebrot ku lampu mobil, siga nu keur lumpat paudag –udag, hayang buru nepi ka tempat tujuan.

Beuki lila nu ngalobrol teh beuki rehe. Beuki tiiseun. Geus carapeeun jeung tunduh sigana mah. Teu ngabibisani. Pasti barudak teh sabeubeurang teu cicing, nyiapkeun bebekelan nu rek dibawa. Sok elekesekeng, nunggu waktu. Iraha bralna nya lalampahan.

Ukur sora musik nu masih maturan. Kitu ge ayeuna mah diputena ukur halon. Teu tarik teuing siga tadi, barang mimiti indit. Lagu nu diputerna geus lain dangdut. Pindah kana lagu-lagu Pop jadul. Siga nu ngahaja keur mependе nu geus carape. Matak mawa tunduh.

Tapi pikeun diri kuring, ngahaja pitunduheun teh disinglar. Malar bisa maturan supir. Sieun manehna oge nundutan. Heg, bisi picilakaeun. Mun geus rada tunduh, kuring ngahaja cengkat tina bangku. Leos ka tukang, mapay-mapay sesela bangku. Itung–itung ngaroris barudak. Bisi aya nu mabok perjalanan atawa milampah nu teu hade.

Ampir jam satu, beus teh ngadon mengkol ka *rest area*. Ngareureuh jeung mere kasempetan bisi aya panumpang nu hayang ka cai. Kahampangan. Bray lampu jero beus dicaangan.

Teu siga tadi ukur make lampu nu reyem-reyem. Barudak patingkulisik. Mimiti galecok deui.

Sanggeus dibere bewara, nu ngarasa hayang ka cai, turun tina tempat diukna. Kuring ge nya kitu. Najan bari antare, mere kasempetan ka barudak sina tiheula ka caina, kuring nurutan ka cai. Rek miceun nu geus ngagayot dina parilikan. Palang siar jadi panyakit mun hantem dibabawa mah.

Sanggeus ti cai, ngadon diuk dina korsi nu disadian kunu dagang, di *rest area*. Mesen kopi. Ngahaja ngarah teu era teuing ngadon diuk di dinya. Bari nyerangkeun barudak nu sarua keur barang beuli, naon nu dipikahayangna.

"Ngopi,Pa." Ceuk hiji wanoja anyar pinanggih. Bari gek diuk di hareupeun kuring. Clo gelas plastik nu masih ngebul ku haseup cikopi, disimpen luhureun meja.

Kuring melong ka manehna. Rada reuwas. Keur ngalamun, asa aya nu ngagareuwahkeun.

Belenyeh, manehna imut. Rada reuwas. Asa katiruk jajantung ku imut nu dibaledogkeun manehna. Leng.., pipikiran ngambah kamana mendi. Asa aya nu ngajorelat dina uteuk. Asa kungsi apal kana eta imut nu tadi dibaledogkeun. Asa apal kana keureut beunget manehna. Asa apal kana rengkuh polahna. Asa

apal… kana sagalana. Tapi saha? Dimana ? Asa kungsi wanoh. Tepung sagulung sagalang. Lain jalma nu saliwat!

“ Pa…” Ceuk manehna meupeuskeun lamunan.Lelembutan nu tadi ngabelesat kamana mendi. Nyirorot. Kumpul balik deui dina diri kuring.

“Kulan ! “ Tembal teh. ”Kumaha, Nyi !” Nyimbutan kareuwas.

Belenyeh inyana imut deui. Imut nu tadi. Imut nu kungsi nyentug kana jajantung. Imut nu kungsi kuring linglung, teu apal kana diri inyana.Naha saha?

Teu wani pok tumanya.Ukur ngagerentes dina ati.

“Hayoh. Atuh ngalamun!” Inyana ngabetahkeun.

Lamunan nu tadi geus ngumpul, paburencay deui. Mancawura. Duka kamana.

Sora HP dina saku disada.

“Halo.”Kuring nembal. O… siap..” Tembal teh. Sanggeus mayar cikopi nu tadi di pesen, kojengkang muru tempat beus di parkir. Wanoja nu tadi maturan teu kungsi ka tangenan. Teu permisi-permisi acan. Bakat ku rusuh. Kasampak kisobat keur ngahuleng, cangogo gigireun beus rombongan kuring.

"Kumaha, Pa ?" sanggeus jonghok jeung pembimbing nu tadi nelepon.

"Aya jalmi nu naroskeun Bapa." Tembalna. " Saurna mah tepang da ka Bapa teh. Salembur, nyaurna mah." Bari ulak-ilik ka tempat sejen.

"Tuh..,tuh.. nu itu…" Pokna deui bari tutunjuk kahiji tempat. Kuring ningali ka tempat sapanuduh manehna.

Ti tempat nu rada anggang, katingali ringkang hiji tangtungan, nyampeurkeun. Sanggeus jonghok, horeng enya lain sasaha. Batur sobat baheula mangsa sakola nu geus lawas teu panggih. Sarua inyana peuting ieu rek indit kaYogya nganteur barudak sakolana. Cara kuring. Nganteur nu rek *studi tour*. Asa ku kabeneran, indit teh siga nu badami heula. Bisa bareng. Sapeuting. Ngan beda tempat ahir nu dituju.

Sanggeus dianggap cukup, reureuh di *rest area*, beus rombongan kuring neruskeun lalampahan. Muru ka kota Yogya.Sakumaha biasa, mimitina mah barudak teh jaligrah, galecok ngobrol sagala diomongkeun. Lila lila mah jep jempe. Neruskeun sare nu tadi ka pegat ku istirahat di *rest area*.

Memeh subuh, beus teh geus anjog ka tempat anu dituju. Ka pangreureuhan di hiji rumah makan nu teu jauh ti tempat Candi Prambanan. Rek ngadon istirahat jeung nungguan

sarapan di tempat eta. Sakumaha kasapukkan nu geus dijieun ku panitia jeung nu boga tempat.

Tabuh tujuh, panto gerbang asup ka palataran candi teh karek dibuka. Kitu ge ari patugas karcis mah geus buka ti tatadi. Panitia nu ka papancenan meuli karcis geus milu ngantri di hareupeun loket.

Sanggeus sarerea kabagi karcis, barudak teh siga nu hayang paheula-heula muru ka Candi. Tetep,sagumbrul-sagumbrul.Papada batur wanohna. Sobat dalitna. Bubuhan palataran candi teh ka itung lega.Barudak katingali geus sumebar di mana mana. Katangen tina pakean kaos saragam nu di pakena.

Kuring ukur ngehngel.Seuri koneng, ningali barudak siga nu hookeun.Siga hayam panyambungan.Aya di tempat anyar.

Nuturkeun barudak ti pandeuri.Bisi aya nu tinggaleun. Geuk diuk, ngadon reureuh heula dina bangku handapeun tangkal nu ngaroyom. Panon mah teu weleh neuteup ka jauhna, bisi aya barudak nu papisah ti rombongan.

"Tos nyalse, Pa?" Hiji sora ngagareuwahkeun ti tukangeun.

Direret. Belenyeh manehna maledogkeun imut. Imut asa nu geus wanoh. Nu sababaraha kali kungsi katarima. Duka di mana?

"Har… Kalah olohok." Pokna deui meupeuskeun kasimpe hate kuring. Lelembutan nu tadi ngacacang kamana mendi, balik deui nyirorot kabawa, katarik ku imut nu dibaledogkeun ku manehna.Ukur ngajeten taya carita. Keukeuh ngarasa aneh. Asa aya dina pangimpian.

……

Sanggeus ngurilingan candi. Sanggeus mapayan pasar seni.Sanggeus meuli oleh-oleh di pasar seni. Sanggeus barudak lengkep dina masing-masing beusna, lalampahan teh diteruskeun. Ngajugjug ka Monjali.

Ditempat Monumen Yogya Kembali, barudak teh diabringkeun. Dituturkeun, sangkan teu paburencay. Ongkohan ngarah teu pati lila teuing aya di dinya sabab geus ditunggu di rumah makan, pikeun ngeusi peujit nu geus karasa murilit deui. Nangtang eusi.

Tabuh tilu sore karek anjog ka tempat parkir Basisir Parang Tritis. Ma'lum poe Saptu. *Week end*, meureun basana teh. Jalan-jalan di sabudeureun kota Yogya, sok pinuh, ku kendaraan, timana mendi. Remped. Hese ngalengkah. Atuh nu

biasana dina poean sejen, perjalanan ti kota ka basisir teh moal meakkeun waktu ti sajaman. Dina sore ieu, leuwih ti dua jam, karek anjog ka tempat tujuan. Horeng lian ti nu biasa nyanghareupan *week end* teh. Aya treuk nu tigebrus kana solokan. Ban tukangna tilelep kana solokan nu tutupna jebol. Ambles, alatan beurat teuing muatan. Eusi muatanna, mancawura ka jalan. Ngahalangan nu rek lalar liwat.

.....

Cai laut teu eureun, ngaletakan sapasang-sapasang suku nu rajeg sisi basisir. Taya ka cape.Sakapeung nyerod ka tengah bari mawa lelemi keusik nu baseuh. Teu lila nyuruwuk deui, balik ka sisi. Dituturkeun ku gedeburna sora lambak, mawa ketir kana rasa. Ukur ngabarakatak seuri eak-eakan, nu kedal tina mang pirang-pirang budak nu keur emprak ngahaja hayang katarajang lambak laut Parang Tritis. Hantem kitu bae, teu eureun unggal waktu. Siga teu boga kacape.

Panon kuring, teu kendat nitenan barudak nu keur emprak, sapanjang sisi laut. Ret ka kenca, neuteup ka katuhu. Nyerangkeun, bisi aya budak nu teu katalingakeun milampah nu picilakaeun.

Keukeuh hate teh sok sumeblak. Inggis ku bisi rempan ku sugan, ari mawa budak ka sisi laut teh. Bisi aya nu mokaha. Poho kana wiwaha.Milampah nu teu samistina. Heg balukarna

picilakaeun. Inggis ku sok aya beja. Aya budak nu kagulung ombak .Tilelep. Katarik lambak. Pajar maneh nu ngageugeuh laut teu rido. Kanjeng ratu Nyi Roro kidul bendu. Ah… na atuh percaya kanu kararitu. Tapi….Ukur humandeuar. Teu wani betus kanu lian. Ukur taki-taki, jeung ngelingan ka barudak sangkan ulah kajongjonan teuing.

Najan geus ngagayuh ka sore, cahya panon poe masih nyirorot. Panas. Katambah ku nyuruwukna angina nu teu kendat eureun. Mawa lungse. Matak hanaang.

Lila-lila mah eleh deet. Ngadon ngiuhan di handapeun daun nipah. Nu tangkalna kabeneran aya ngagunduk. Rada anggang ti biwir basisir. Tapi ari panon mah tetep manco ka barudak nu keur emprak nyoo cai jeung keusik. Siga taya kacape.

Angin basisir nu tadi beulah ditu ngaheab. Lebah dieu. Handapeun tangkal nipah jadi nyecep tiis. Neumbag kana sakujur awak. Asa aya nu ngusapan. Asa aya nu nyimbutan.Rasa tunduh mimiti nyaliara. Kongkolak panon cepel,beurat, hese dibeuntakeun.

“ Ngiring calik, Pa. Mani panas bayeungyang, palih ditu mah.” Teu katangen ti tadina. Ujug-ujug geus gek diuk digigireun.Direret, horeng manehna. Si Nyai, wanoja nu ti peuting panggih maturan ngopi di rest area. Nu jonghok deui

di Taman Candi Prambanan. Ayeuna geus tepung deui di dieu. Nyampeurkeun. Ngadon ngabaturan. Nya saha atuh?!…. Ukur gerentes. Teu wani kedal.

“ Bapa teh hilap deui ka abdi?” Tanyana. Siga nu surti kana eusi hate kuring. Acan ge kuring engab, nga enyakeun, manehna geus pok deui neruskeun caritana.

”Taun kamari bapa kantos nyalametkeun abdi, tina pang boyongna pasukan karajaan.Nu pernahna caket sareng Tebing Breksi. Bapa kantos nulungan abdi, nganteurkeun dugi ka tatar Sunda. Wangsul ka Sumedang larang. Teu kinten ageung nganuhunkeunnana abdi kana pitulung Salira. Nya ti saprak harita abdi jangji dina ati : seja nalingakeun Salira. Sok sanaos ukur ti kaanggangan. “

Pucuk daun nu katebak angin basisir, ulang-ulangan. Siga nu keur ngagupayan, lelembutan nu ngacacang kamana-mendi. Sora ombak nu ngagalura ti ka anggangan weleh teu eureun.

“Abdi teu tiasa langkung ti kitu. Mugi Salira tetep aya dina panangtayungan nu murbeng alam.” Kituna teh bari gutrut nuliskeun kalimah ku nyere nu dipaut tina daun nipah nu dirawel ku tanganna . Di gulungkeun song diasongkeun kana leungeun kuring. Ramona nu lentik, ngaranggeun leungeun kuring. Nitah ngeupeul.

Ukur ngahuleng. Nginget-nginget lalampahan nu geus kasorang,mangsa katukang. Weleh teu meunang jawaban.

Jedug. Sirah tidagor kana tangkal. Korejat benta. Euhm.. ngimpi geuning, kuring teh. Rurat-reret ka gigireun. Taya sasaha. Ari manehna? Kamana? Ceuk gerentes hate. Ah.. puguh ukur ngimpi. Tapi.. ari ieu… dina keupeulan leungeun ? Geuning enya. Aya. Gorehel gulungan daun teh di buka. Aya tulisan, najan teu pati teges ngutrat kabaca:

URANG CIMANGGUNG

Munggaran tepung, di ruang Pembantu Kapala Sakola, manehna keur sibuk ngurus berkas kalengkepan persyaratan salaku pagawe anyar. Tiluan, harita nu dibenum ka sakola ieu. Dua istri, saurang lalaki. Teu aya nu dicaritakeun, sumawonna ngobrol. Ukur mere imut saulas. Kitu ge tamba henteu teuing, meureun. Salaku jalma anyar pinanggih teu mere budi amis-amis acan. Asa piraku. Belenyeh, dibarung ku unggeuk. Ukur sakitu.

Tepung nu kadua kali, pasarandog di hareupeun panto Ruang Tata Usaha. Manehna kaluar bari mamawa map, kuring mudun ti kelas beulah kidul. Rek ka kantor, ruang guru, satutas ngajar. Jam istirahat. Manehna maledogkeun imut. Nu kadua kali.

Saminggu ti harita kuring kakara mireungeuh kana ngaranna, aya dina daftar nama perubahan jadwal anyar.

Dedengeeun teh ku lentongna.Ti tatar priangan. Lain ngan ukur eta. Rengkuhna oge matak jadi deungdeuleueun pikeun kuring mah. Pantes, kituna teh da

bubuhan guru tea. Sok sanajan masih ngora keneh, tapi nyekel kana tetekon adat kasundaan.

Duka ku naon. Naha hate teh bet nyimpen rasa nu beda ka manehna. Teu nalipak maneh! Najan sadar diri teh, rumasa geus boga umur. Najan enya oge bari lelengohan. Pan manehna mah masih ngora keneh. Mungguh diri kuring ? Apanan umur teh geus ampir tunggang gunung.

Lain teu payu. Loba pipilih satadina mah. Tapi… naha atuh ayeuna bet nyimpen rasa nu beda ka jalma anyar pinanggih. Ujug-ujug aya rasa nu nyangkaruk dina kalbu.

Beuki lila beuki heubeul pagaliwota sapagawean, beuki apal kana sipat tabiatna. Alus! Ceuk hate kuring. Nyekel kana papagon adat istiadat. Duka kituna teh pedah kuring neundeun rasa ka manehna kitu ? Sok keukeuh hate teh subyektif cenah. Tapi…. da ngan saukur neundeun rasa, teu wani pok. Heurin ku letah tur nalipak maneh. Keun bae lah urang sidem dina ati, pendem jero dina diri. Ukur jang sadiri-kuringeun bae. Sasaha moal dibejaan. Komo kudu jirimna sorangan apaleun. Moal, moal rek

nurutkeun kahayang. Muga mampu tarapti nyimpen ieu rasa.

Beuki lila, beuki ngagunduk ieu rasa ka anjeunna. Sok inggis betus, palangsiar ngabarubahkeun ka loba jalma. Bisi ngabarubahkeun kana kaayaan hubungan batin tatali wargi nu ayeuna tingtrim di sakola . Kuring inggis teu bisa nyidem ieu rasa, palangsiar jadi mamala diri.

Ray poe ka poe, sakapeung sok ngarasa leungiteun mun heubeul teu jonghok jeung manehna. Miharep pasarandog. Najan ukur bisa neuteup sa kiceup, cukup pikeun niiskeun hate nu mindeng ngagalura. Nu heubeul-heubeul, inggis kana bongkahna. Sieun ngagulidag caah, ngocor ka luar tina pangeukeup ati, panyikep rasa. Inggis ngabarubahkeun!

Rumasa lain lalaki langit lalanang jagat. Teu bisa nganteur kahayang. Bari nembrak tinu lian. Heg sagala upaya dipilampah. Dapon niat tinekanan. Teu, teu kitu pikeun diri kuring mah. Teu bisa ngajugala. Najan pangawak lalaki, nu ceuk batur mah, wenang. Pikeun diri kuring masih boga sengkeran, masih boga pager dina diri,

nu kudu bisa lantip ngadalian kahayang. Nu kudu mampu ngunggulan rasa dina dada.

"Dupi ruang komputer, saha nu nyepeng koncina, Pa ?" Asa kagareuwahkeun. Hiji sora, nyingraykeun lamunan. Ret direret. Seblak… ieu jajantung mani ratug. Hiji tangtungan, maledogkeun imut. Ngabelenyeh. Lucu. Karek ka pireungeuh. Siga ngahaja, ngagebah nu keur ngumbar lamunan.

"Eu…, Pa Nana, Bu. Pami teu lepat mah. Kumaha kitu ?" Tembal teh, sanggeus kumpul pangacian.

"Numawi, hoyong ngeprintkeun ieu naskah. Upami kawidian mah." Bari nembongkeun flashdisk nu didudut tina sakuna.

"Ah, da teu kedah ka Pa Nana. Ruang komputer mah tos dibuka ti enjing ge. Mangga bae bilih bade nganggo mah."

"Ararisin, nu mawi, bilih nu gaduhna teu raoseun."

"Sareng abdi, atuh,yu." Tembal teh mawarkeun maneh.

“Mangga atuh. Ngiringan. Upami teu ka abotan mah.”

Teu nembal deui. Jung nangtung, rek muru ruang komputer dimana printer, keur pakeeun sarerea di sadiaan di dinya, ku sakola.

Manehna ngiclik nuturkeun bari ngiwir-ngiwir flashdisk nu tadi tea.

Reket, panto ruang komputer nu ngan ukur mélenge satengah, dibukakeun sina ngageblag. Ngahaja bisi aya sangkaan goreng tinu lian. Pajar katingali duduaan di hiji rohangan. Taya nu lian. Inggis aya pitenah nu lain-lain. Najan enya dina hate mah bungah bungangan, tapi etika kasopanan kuring jeung manehna kudu dijaga. Komo ieuh, pan kuring jeung manehna teh kasebut guru.

“Mangga nu mana, Bu, nu bade diprint teh?” Sanggeus komputer kabuka layarna. ” Ku nyalira bae sanes ? “ Pok teh sanggeus monitor ka buka layarna.

“Muhun.” Tembalna, pondok. “ Mung… punten, tong dikantunkeun. Hoyong direncangan. Bilih aya nanaon. “ Pokna sanggeus sajongjonan aya antare.

Kuring nu tadina rek sajung-jungeun indit. Teu tulus ngaleos ninggalkeun inyana. Najan enya loba ka inggis tapi teu bisa ngabohong, dina hate mah bungah bungangan. Bisa marengan dirina di eta tempat. Najan teu pati rek wani tetelepek loba carita heula.

Ukur paheneng-heneng, taya carita. Inyana manco kana layar monitor, siga nu keur ngilo naskah bisi masih aya nu salah. Kuring melong, neuteup pameunteuna nu teu weleh matak narik kana hate. Aya rasa. Aya nu ngagalura dina dada nu keukeuh di bendung sangkan teu bitu.

Tuktek sora jam nu naplok dina tembok. Ngawirahma, siga nu ngengklokan ratugna jajantung kuring. Sakapeung neuteup pameunteuna, sakapeung ningali kana runtuyan hurup nu ngabaris dina monitor. Milu ngilo kana naskah nu ngutrat dina layar. Sakapeung ngabalieur, ningali ka tempat sejen. Inggis teu kuat nahan rasa, nu beuki ngagalura.

"Naskah biantara, Bu ?" Tamba sepi, meupeuskeun kasimpe.

"Oh, muhun." Tembalna " Kanggo perlombaan murang kalih di tingkat kabupaten. Kaleresan abdi ka

papancenan tugas ku ibu Kapala, kanggo ngadampingan murangkalih ti sakola urang".

"Sae, atuh." Pok teh nuluykeun obrolan. " Na kunaon henteu didamelan ku murangkalihna? Naskahna ?"

" Muhun ieu oge. Kenging murangkalih. Mung disarungsum ku abdi, nu kirang nyurupna. Supados teu ngisinkeun teuing. Sareng... da murangkalihna mah teu acan tiasaeun ngetikkeun naskahna. Margi naskahna kedah aya nu disetorkeun kangge Panitia atanapi jurina. Saur ti kabupaten teh."

"Oh, kitu." Tembal teh pondok.

Jep deui jempe. Teu aya nu cumarita. Ukur sora jam nu teu weleh tuk-tek, ngawirahma, nuturkeun ketegna jajantung.

Dina hate mah, murudul omogan nu hayang dikedalkeun. Tapi… teu sanggup kedal ucap. Ukur dina gerentes hate. Noroweco sorangan.

Di luar ruang komputer, hawar-hawar lagu lawas ngagalindeng:

Denyut jantung di dada

Berdebar tak menentu

Karena kehadiranmu

Diam-diam hatiku

Mengagumi dirimu

Bahkan menyayangimu

Untuk pertama kali

Itu pun ku akui

Kau begitu berarti

Rasanya ingin slalu

Dekat-dekat dirimu

Tak ingin pisah lagi

....

KAWAH PUTIH

Rebun-rebun keneh geus candukul di sakola. Lain rek ngajar, da puguh poe ieu mah ngahaja barudak sina dialajar di imahna masing-masing. Aya acara husus pikeun warga sakola; guru jeung TU wungkul. Nu rek ngajugjug ka Bandung kidul. Ka Ciwidey, pikeun ngacarakeun paturay tineungna Bapa Kapala Sakola, alatan anjeunna purna tugas.

Ceuk panitia teh kudu ba'da subuh geus aya di sakola, ngarah teu elat teuing datang ka tempat tujuan.

Sanggeus sarerea nu miluan ka tempat tujuan lengkep, sanggeus nempatan jok beus sewang sewangan,

dipimpin ku ketua rombongan,ngadoa, geuleuyeung beus teh miang, ngajugjug tempat tujuan.

Sajajalan, galecok ngobrol, sakapeung gogonjakan, meuraykeun tiisna pepedut isuk nu nyelesep nyusup kana sandi-sandi kulit. Hawa tiis tina AC mobil, keukeuh nanangkeup kana awak nu dibaguded ku jaket. Di hareup, gigir luhureun supir, TV monitor masih, mintonkeun lalaguan nostalgia. Pinterna kenek, madungdengkeun jeung eusi panumpang nu ka irong geus boga umur.

Mobil ngadius ka kulonkeun, mapay-mapay arula-arileuna jalan nu geus puluhan taun disorang ku mangrupa-rupa kandaraan. Ti keur jaman penjajahan Walanda keneh. Jasana Herman Willem Deandels. Ukur robah tangtungan, saparo jalan teh lalegok alatan ka sapu ku cihujan jeung beratna nahan muatan kandaraan.

Panon neuteup jalan nu disorang hareupeun mobil. Nganteur lamunan nu ngambah kamana mendi. Rus-ras mangsa katukang jaman ngora, jaman lalagasan. Mangsa kuliah di kota kembang. Bandung nu baheula teu lenglang, ayeuna geus leuwih heurin ku tangtung.

"Barade, bade, bade…." Ceuk Bu Mamay ngasongkeun dahareun mapay ti hareup ka tukangkeun, niru-niru padagang asongan dina beus. "Lontong, Nasi bakar. Anu lada. Anu biasa, Gorengan. Haneut keneh " Bari song diasongeun ka masing-masing panumpang. Nu kaparengkeun seneng atuh ceg. Anu teu seneng ukur gogodeg. Palebah kuring, lain seneng teu seneng, tapi rumasa ti imah teu bebekelan. Barang diasongan teh, buru ditarimakeun.

Nasi bakar nu masih haneut keneh, am didahar, sahuap – sahuap. Lumayan ganjel beuteung nu kakara ka eusi ku citeh haneut, tadi isuk sabada mulang subuh ti masigit.

Palebah Cimalaka Sumedang keneh, leok mobil teh mengkol ka POM Bensin. Lain rek ngeusi solar, da bubuhan masih pinuh keneh, tapi rek ngadon ka cai. Itu ibu-ibu geus teu kuat hayang ka jamban. Ti tadi keneh ditahan. Kilang bara jadi panyakit. Tapi… da lain ngan ukur ibu-ibu, dalah bapa-bapana oge sarua, milu turun, rek miceun nu geus ngagayot dina parilikan. Atuh saparo, geus teu kuat, hayang nyeuseup haseup bako. Udud.

Bubuhan dina beus mah da teu beunang ngaroko, bisi ngaruksak kana AC mobil, cenah.

Sanggeus sawatara waktu istirahat, bring deui lalampahan diteruskeun, rek ngajugjug tempat tujuan nu geus ditangtukeun. Prung deui nu galecok ngobrol, nu sempal kapiguyon, nu karaokean dina beus. Sa senengna –sasenengna.Sewang-sewangan.

Palebah Cadas Pangeran, tema obrolan teh robah. Cuw-cew, madungdengkun ngeunaan *Fenomena* si Yana, nu kungsi ngagujrudkeun, sa-Indonesia, alatan leungit di dinya, di Cadas Pangerang. Nu leungit disumputkeun oray koneng,ceuk ki dukun teh. Mana horeng jalmana mah keur ngahekok dinu ngora. Nu ngobrol, patembal-tembal, siga hayang katangen, yen dirina nu pang nyahona ngeunaan kabar si Yana,nurustunjung tea.

Ampir opat jam lalampahan geus kasorang. Geus nepi ka tapel wates Bandung kidul. Nu tadina jalan teh rata, datar, ayeuna mimiti nyorang tanjakan. Arula-arileu, mapay-mapay sisi lamping, Sajongjonan, pangeusi mobil simpe. Reuwas ningali tanjakan nu loba netekna. Sakapeung mobil teh ngeden. Siga nu meakeun tanaga sa

ayana. Luak-leok, mapay jalan nu kawilang sempit, sok inggis pasarandog jalan jeung mobil nu ti luhur palebah nu teu meneran. Inggis bisi picilakaeun. Tapi… supir teh tapis pisan. Gede kepercayaan. Siga nu geus loba pangalaman nyorang lebah eta tanjakkan.Najan teu kaur laju cepet, ukur ngeteyep, ngarayap, lila-lila mah antukna nepi oge kanu dijugjug.

Tempat tujuan ka hiji mah ka Situ Patenggang. Jadi najan beus geus eureun di pasimpangan jalan nu rek ka Kawah Putih, antukna ku panitia dituduhkeun sangkan ngajugjug tempat nu dituju.

Duka pedah usum hujan keneh, duka memang di daerah eta teh kitu biasana, Hujan teh muruhpuy deui bae rut–rat bae, tibarang anjog ka daerah Ciwidey keneh ge. Sajajalan bari nyorang tanjakan, sakapeung hujan turun ngagebret, sakapeung muruhpuy, sakapeung raat. Sakapeung nyorang pepedut nu moekan pilampaheun matak poek kana jalan pitincakeun. Tapi.. pan ieu teh geus ahir bulan Mei. Piraku masih usum hujan? Pan sakuduna mah geus mimiti kana usum katiga!

Eureun di tempat parkir, turun tina beus teh dipapag ku turunna cihujan. Atuh rada baseuh pakean teh. Rek balik deui kana jero mobil, kapalang geus satengah jalan. Ongkohan hayang buru ka jamban deui.

Beres ti jamban, ngadon ngiuhan di jongko kosong, duka paranti dagang naon. Da nu bogana eta jongko teu kungsi papanggih. Atuh samemena lebah dinya. Ngiuhan.

Sanggeus hujan raat, bring sarerea muru sisi Situ, sagala bekel dibawa, bari neang tempat nu merenah pikeun nyieun acara : Pelepasan kanu rek Purna Tugas tea, Bapa Kepala saparakanca. Seksi Sound system tatahar, nyiapkeun alat. Atuh kono seksi konsumsi mah, pacikih, riweuh nyiapkeun sagala rupana. Apanan ieu teh geus ampir satengan dua belas beurang. Geus waktuna pikeun makan siang. Geus lapar sigana mah. Sabot nyorang perjalanan nu sakitu jauhna. Bari jeung hawa di ieu patempatan nyecep tiis. Tiris.Matak ngahudang rasa lapar.

Sanggeus balakecrakan, ngareureuhkeun kacape. Prung acara Pelepasan teh di kawitan.Sababaraha sambutan jeung ucapan Gupay paturay pilih genti

dikawitan ku ketua Komite, wawakil ti guru,dipungkas ku ti wawakil nu Purna Tugas. Acara poko lekasan.

Hujan muruhpuy deui lebah dinya. Atuh rek indit neangan musola teh rada kahalang. Maksud rek nyumponan kawajiban. Salat lohor. Geus liwat ti manjingna adan. Geus ampir leuir. Tabuh satu kurang saetik. Dalah dikumaha. Da jarak antara tempat acara jeung musola kawilang anggang. Aya kana tilu ratus meterna. Mun maksakeun. Kana pastina bakal rancucut. Mangkaning teu mawa payung jeung baju salin.

Sanggeus nyumponan kawajiban, ngalakonan salat Lohor. Bari antere, mapay-mapay jongko nu dagang. Maksud teh rek neangan oleh-oleh. Sugan bae aya nu seneng. Weleh teu beubeunangan. Pesenan nu di imah, teu ku hanteu, teu kawenehan.Teu aya nu ngajualna. Rada corencang puguh nu jualan teh. Sababaraha jongko kosong. Tutup teu aya nu nempatan. Sigana teh horeameun rek jualan oge. Sieun taya nu meuli. Bubuhan usum hujan, rut rat bae ti tatadi.

Rada hoream rek udar-ador, ngurilingan patempatan teh. Lian ti hawa nu nyecep tiis, oge jalan nu

"Pa.Hayu. Itu nu sanes tos ka palih ditu" Bunda Mulya ngagareuwahkeun lamunan. Najan talangke, suku ngajengkat nuturkeun batur, nu bareng indit tadi samobil. Bisi tinggaleun teu apal jalan ka tempat nu dituju. Tapi… panon mah tetep ngarereta ka tempat parkir. Na atuh can jol keneh bae.

Leumpang teh ngeteyep. Mapay-mapay tangga nu dijieun tina tembokan. Rada leueur pitincakeunna. Jigana alatan taneuh nu kabawa ku sendal-sapatu pacampur jeung ci hujan nu kabawa lebah dinya. Ati-ati ngalengkah inggis ti soledat.

Di handap, di Kawah Putih, teu pati loba nu bisa di ilikan. Poek. Katutup pepedut nu minuhan sakuliah jagat. Ditambah ku muruhpuyna hujan nu teu eureun-eureun, nambah longkewangna hate. Lain bungah nu aya, tapi… hate asa seseblakkan. Inggis manggih bancang pakewuh. Picilakaeun. Tamba heuteu teuing, juprat-jepret, popotoan. Bisi pajarkeun ngajugjug Kawah Putih taya buktina.

Teu kungsi sa jam di tempat Kawah Putih teh. Bororaah hayang ngurilingan , ngajugjugan unggal tempat

Anjog ka tempat parkir, nu teu sabaraha jauh anggangna ti Situ Patenggang, masih tetep dipapag ku nyurulungna cai hujan. Najan tadi diperjalanan rada ngorotan, barang anjog ka tempat parkir mah, geus ger deui bae hujan teh siga dibahekeun ti langit. Ngagebret.

Eleh ku paniatan. Najan hujan ngahalangan. Najan pepedut nyimbutan, najan baju ka baseuhan.Tetep lalampahan muru Kawah Putih mah disorang.

Sanggeus panitia sapuk jeung mobil angkutan nu biasa nganteurkeun, gek diuk dina bangku mobil, nu ukur ditutup ku plastik lebah gigirna, sangkan cihujan teu tembus maseuhan panumpang. Tilu mobil dicarter pikeun nganteur ka tempat nu dituju.

Abong geus manukna, najan jalan sakitu tarahal, loba logak nu pinuh ku cihujan, ngajalankeun mobil teh apeng-apengan. Brat brit brut. Sakapeung sirah ti geduk kana pangeumbing hahalang sisi mobil. Sok inggis mobil titoblo. Tikurusuk kana rungkun nu minuhan sapanjang jalan nu teu mulus. Bari klakson mindeng disadakeun. Mere tanggara bisi aya mobil nu keur mudunkeun pasarandog. Kagok. Heg bae picilakaeun.

Ukur babacaan ngagereyem dina biwir. Mudah-mudahan disalametkeun nepi ka tempat tujuan. Teu wani nyaram supir sangkan ngajalankeun mobilna teu rurusuhan. Nu jadi ingetan. Jigana mobil satukangeun oge kitu petana. Mangkaning keur boga nu bureuyeung. Kakandungan.Inggis kumaha onam. Duh.. Gusti….

Anjog ka tempat tujuan. Geus dironob ku nu nawarkeun payung. Pabeulit. Hese turun tina panto mobil teh.Culang-cileung. Ngilikan mobil tukangeun. Can jol bae. Duka ku naon, hate teh bet inget bae kanu keur kakandungan. Ka inyana ; Amih Erna jeung Bu Sari. Asa ngolebat dina kongkolak panon. Kacipta keur tipepereket, muntang kana panyekelan. Bari ngegel lambeyna nu geunteul katitisan. Nahan kapaur. Aya rasa hanjelu dina ati, na atuh tadi teh teu bareng sa mobil.

Hujan keukeuh muruhpuy. Siga nu keur nandang kasusah. Sedih. Mapag hiji rombongan nu keur nyacapkeun rasa kasono jeung batur sapagawean. Nu biheung isuk, hamo pageto rek bisa panggih deui. Pisah alatan tugas nu geus mungkas dina waktuna. Kasengker ku waktu Pangsiun.

"Pa.Hayu. Itu nu sanes tos ka palih ditu" Bunda Mulya ngagareuwahkeun lamunan. Najan talangke, suku ngajengkat nuturkeun batur, nu bareng indit tadi samobil. Bisi tinggaleun teu apal jalan ka tempat nu dituju. Tapi… panon mah tetep ngarereretan ka tempat parkir. Na atuh can jol keneh bae.

Leumpang teh ngeteyep. Mapay-mapay tangga nu dijieun tina tembokan. Rada leueur pitincakeunna. Jigana alatan taneuh nu kabawa ku sendal-sapatu pacampur jeung ci hujan nu kabawa lebah dinya. Ati-ati ngalengkah inggis ti soledat.

Di handap, di Kawah Putih, teu pati loba nu bisa di ilikan. Poek. Katutup pepedut nu minuhan sakuliah jagat. Ditambah ku muruhpuyna hujan nu teu eureun-eureun, nambah longkewangna hate. Lain bungah nu aya, tapi… hate asa seseblakkan. Inggis manggih bancang pakewuh. Picilakaeun. Tamba heuteu teuing, juprat-jepret, popotoan. Bisi pajarkeun ngajugjug Kawah Putih taya buktina.

Teu kungsi sa jam di tempat Kawah Putih teh. Bororaah hayang ngurilingan , ngajugjugan unggal tempat

nu biasa diteang kunu daratang. Da puguh poek katutup ku pepedut. Kuring geus hanjat, muru tempat parkir nu tadi basa datang kasorang. Keun baelah. Sugan hiji mangsa nu bakal datang bisa mampir deui. Ngajujug ka eta tempat . Meureun mangsa ayeuna mah keur teu meneran. Salah mangsa. Nu penting paniatan : ngajugjug ka Kawah Putih geus katedunan. Lunas. Teu hutang.

Nu tadina gura-giru, rek muru tempat dahar nu geus di*booking* ti anggalna, kapegat salila-lila di tempat parkir beus, alatan sababaraha anggota rombongan tinggaleun, di luhur. Di tempat parkir mumunggang Kawah Putih. Ukur ting hariul. Teu puguh laku. Najan sung-song nu nawarkeun dagangan keur oleh-oleh, ukur dihareureuyan.Teu dibeulian. Ngalubarkeun ka kesel meureun. Ongkohan ceuk Panitia, keur meuli oleh-oleh mah ke bae di ditu,di tempat dahar, sakalian aya kebon strawberry. Petik sendiri, cenah.

Untungna hujan teh ngadadak raat. Ukur tinggal pras-pris.Sakali-kali.

Nu tiluan tinggaleun, tingkurunyung. Haruhah-harehoh. Bari murukusunu. Tinggaleun rombongan alatan

nguruskeun poto jeung tukang potretna, basa popotoan, nyewa tukang poto di eta tempat. Sugan teh rek langsung dicitak siga ditempat sejen. Mana horeng ukur di*transfer*keun file-na bae.Lila da dipilih nu hadena bae.

Liwat asar, anjog ka kempat makan nu dituju. Deker dahar.Ponyo, bubuhan beuteung geus lapar deui, turug-turug sangu jeung lalawuhna masih haneut keneh. Katambah ku hawa nu nyecep tiis lebah dinya.

Senggeus nyumponan kawajiban Asar, sanggeus meuli oleh–oleh keur nu di imah. Tamba lengoh.Sanggeus popotoan, nyacapkeun kasono jeung nu isukan hamo bisa papanggih deui dipagawean, alatan pangsiun. Geuleuyeung beus ninggalkeun Ciwidey. Muru jalan ka kota Bandung-keun, nu rek terus laju ngajugjug,mungkas lampah, mulang ka banjar karang-pamidangan, lembur matuh panganjrekan, ka Majalengka.

Lampu-lampu jalan geus baranang. Wanci maju ka magrib. Siga nu kaasupan nu hanteu. Sajajalan kuring gogorowokan nembang karaoke-an. Nurutan musik nu diputerkeun dina layar monitor. Siga nu kasurupan. Siga

nu keur ngedalkeun bangbaluh nu ngabeuratan , nyesek, eungap dina dada. Hayang lubar.

……...

Tabuh sapuluh peuting leuwih, beus nepi deui ka sakola. Tempat asal nu tadi subuh ngamimitian lalampahan.Ayeuna geus datang deui ka tempat asal kalayan teu aya halangan-harungan. Sanggeus sajongjonan ngareureuhekun ka cape. Guluyur kuring mulang. Anjog ka hareupeun panto, asa tiiseun. Geus peuting meureun. Gerentes hate teh. Keketrok kana panto sababaraha kali taya nu nembal. Geus sarare kitu? Ngadon cangguluk dina korsi tepas imah. Sanggeus sababaraha jongjongan , torojol tatangga hareupeun imah bari hariweusweus.

“Uwa. Aeh tos dongkap?”

“Itu Uwa istri tadi sonten di candak ka Rumah Sakit. Eungapna Karaos.”Asa aya nu meupeuh kana angen. Leng bumi alam asa muter….

Lamping Ciremai, 6 Desember 2022

Man Rukmana dibabarkeun dina ping 5 Juni 1967 di Majalengka. Kungsi neuleuman pendidikan di Sakola Dasar Negeri Beber I (1981), neraskeun ka Sakola Menengah Pertama di SMPN Jatitujuh taun 1984. Dina taun 1987 ngarengsekeun sakolana di Sakola Pendidikan Guru (SPGN) Majalengka. Kuliah di jurusan Pendidikan Bahasa Inggris IKIP Bandung, Diploma III, taun 1990. Sanggeus di benum jadi guru di salah sahiji SMP di wilayah Indramayu, inyana neraskeun kuliahna ka Strata 1, masih di Pendidikan Bahasa Inggris di Universitas Terbuka (1997). Najan nempuh pendidikan dina Jurusan Bahasa Inggris, tapi karesepna kana tulas-tulis dina Basa sunda, geus dileukeunan ti keur di SPG keneh. Kungsi sababaraha naskahna di muat dina Majalah *Suara Daerah* jeung *Mangle*. Pangaresep kana tulas-tulisna kungsi ka luli-luli alatan sababaraha hal. Kahudang deui sumanget dina nulis teh sanggeus inyana sok ruang ruing jeung papada guru nu mikaresep kana tulas-tulis.

Anjeunna ayeuna, jinek jadi guru di salah sahiji SMP di wilayah Majalengka.

Kuncen Pustaka